

# SESYON FÒMASYON SIPLÈMANTE KORE TIFI

An nou anpeche vyolans sou tifi nan kominote nou



Yon resous  
ki mache kòt-a-kòt  
avèk metodoloji  
Kore Tifi, disponib sou  
[repansepouvwa.org](http://repansepouvwa.org)



**REPANSE POUVWA**  
An nou balanse pouvwa ant fi ak gason



**BEYOND BORDERS**  
A row of seven red decorative symbols, each resembling a stylized 'X' or a cross with rounded ends.

Sesyon Fòmasyon Sipleman tè Kore Tifi: An nou anpeche vyolans sou tifi nan kominote nou

Depo legal nan Bibliyotèk Nasyonal d Ayiti: 16-04-248

© Beyond Borders, 2016

Tout dwa yo rezève.

ISBN: 978-99970-4-705-2

Otè

Moun ki kontribiye nan tèks yo

Sara Siebert

Jean Prosper Elie, Emanuela Paul, Daniel Adonis, Marie Isnise Romélus,  
Marie Maude Charles, Solange Beauvil, Missoule Duperoy, Abenson Avril,  
Rose Andrène Alexandre, Dukens Lambert, Roberto Charles,  
Caroline St. Jean, Jackson Pierre

Atis

Designer

Chevelin Pierre

Mireia Porta Arnau, Bukante editorial

**Beyond Borders**

5016 Connecticut Ave. NW

Washington, DC 20008, USA

**Pwogram Repanse Pouvwa**

# 16, Jakmèl, Enpas Galaksi, Breman, Ayiti

Tel: Etazini +1 202 686 2088 / Ayiti: +509 3617 1815

Imèl: [annanpechevyolans@gmail.com](mailto:annanpechevyolans@gmail.com)

Sit wèb: (Angle) [beyondborders.net/](http://beyondborders.net/) (Kreyòl) [repansepouvwa.org](http://repansepouvwa.org)

*Yon mèsj espesyal pou jenewozite òganizasyon sa yo:*

**NoVo Foundation**  
create. change.



# Men sa ki genyen nan Sesyon Fòmasyon Siplemanntè Kore Tifi

TIT SESYON FÒMASYON	FAZ KORE TIFI	LÈ	PAJ
1 Dakò/Pa Dakò	Tout Faz 1-4	Varye selon kantite fraz fasilitatè a chwazi	5
2 Bay ak Resevwa Fidbak	Tout Faz 1-4	15-30 minit	13
3 Kisa Kore Tifi ye?	Tout Faz 1-4	45 minit	16
4 Enpòtans tifi : Istwa Marie	Faz 1 (Kòmanse)	1 nèdtan 30 minit	31
5 Sèk enfliyans tifi	Faz 1 (Kòmanse)	20 minit	41
6 Prezante Kore Tifi bay kominote a	Faz 1 (Kòmanse)	45 minit	44
7 Prezantasyon Kore Tifi nan klèb tifi	Faz 1 (Kòmanse)	1 nèdtan	48
8 Vyolans seksyèl nan lekòl	Faz 1 (Kòmanse)	1 nèdtan 30 minit	51
9 Repons kont vyolans seksyèl nan lekòl	Faz 1 (Kòmanse) pou pèsònèl lekòl oubyen Faz 3 pou plis enfòmasyon sou sipò	1 nèdtan 30 minit	58
10 Kreye yon sistèm referans nan lekòl la	Faz 1 (Kòmanse) pou pèsònèl lekòl oubyen Faz 3 pou plis enfòmasyon sou sipò	1 nèdtan	61
11 Kijan pou nou aji si nou wè oswa sispèk yon zak vyolans	Faz 1 (Kòmanse) pou pèsònèl lekòl oubyen Faz 4 pou konprann pi byen pouvwa temwen	1 nèdtan 30 minit	65
12 Èske lekòl nou an pare pou lanse deba sou vyolans sou fanm ak tifi?	Faz 1 (Kòmanse)	1 nèdtan	69
13 Kominikasyon pou pledwaye	Faz 4 (Aksyon)	2 zèdtan	73

# Entwodiksyon

Kore Tifi se yon gid pazapa pou òganizasyon ak aktivis ki vle anpeche vyolans sou tifi epi, ogmante pouvwa tifi nan kominote yo. Gid sa a marye ansanm pwogram ki santre sou tifi avèk pwosesis chanjman nòm sosyal nan yon kominote. Li mete aksan sou wòl paran ak lekòl tou. Sesyon Fòmasyon Sipleman tè Kore Tifi pa fèt pou sèvi pou kont li. Li la pou ede òganizasyon ak aktivis k ap sèvi avèk metodoloji Kore Tifi pi byen fòm manm Ekip ak Rezo pa yo.

Pou gen aksè ak tout metodoloji Kore Tifi a, ale sou [repansepouvwa.org](http://repansepouvwa.org) oubyen ekri [Repanse Pouvwa nan \[annanpechevyolans@gmail.com\]\(mailto:annanpechevyolans@gmail.com\)](mailto:RepansePouvwa@annanpechevyolans@gmail.com).

Nan Kore Tifi, genyen Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo nan chak Faz. Gid sa yo prezante lè, fason ak kalite gwoup moun ki koresponn ak sesyon fòmasyon ki nan liv sa a. Gid sa yo bay enfòmasyon ak konsèy sou fason pou nou reyalize fòmasyon patisipatif avèk plis efikasite. Sesyon nan liv sa a kapab yon konpleman pou tout lòt sesyon fòmasyon ki site nan Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo yo.







## Konpozan prensipal sesyon fòmasyon ki nan gid sa a:

KONPOZAN	ESPLIKASYON
<b>Tit ak dire</b>	Non sesyon an ak yon estimasyon tan li ap pran.
<b>Objektif</b>	Objektif la prezante kisa patisipan yo ta dwe kapab reyalize apre yo fin patisipe nan sesyon an. Kèk fasilite kapab vle li objektif yo pou patisipan yo pandan lòt pito kenbe yo nan tèt yo epi fè patisipan yo dekouvri yo pandan sesyon an. Li enpòtan pou yon fasilite byen konprann objektif chak sesyon pou li ka pi byen fasilite patisipan yo atenn objektif la.
<b>Preparasyon</b>	Se tout sa fasilite a dwe fè anvan li prezante yon sesyon. Pou pifò sesyon, preparasyon yo senp; depi yon fasilite te konnen sesyon an deja, li kapab fè preparasyon an nan kèk minit anvan sesyon an; men pou kèk sesyon, preparasyon yo dwe fèt yon jou davans oubyen plis.
<b>Egzèsis</b>	Se enstriksyon pazapa yon fasilite dwe suiv pou asire patisipan yo atenn objektif yon sesyon. Sa genyen ladan li konsèp pou fasilite a pataje avèk patisipan yo, kesyon pou li poze, ak direktiv pou li mennen aktivite sesyon an. Se enfòmasyon pou yon fasilite li, konprann anvan li fè aktivite a; epi se gid pou fasilite a reyalize sesyon an.
<b>Kopi pou patisipan</b> (pou kèk sesyon sèlman)	Gen sesyon ki genyen pati ki bezwen fotokopye pou patisipan yo. Nan ka konsa, sa parèt nan seksyon preparasyon fasilite a bezwen fè. Donk fasilite a pral asire li kontni ki nesese pou patisipan yo disponib.

Jeneralman, pou tout sesyon patisipatif, nou rekòmande pou kantite patisipan yo pa depase 30. Epiou fasilite yo ap toujou bezwen kèk materyèl ki pa note nan seksyon preparasyon sesyon yo tankou: tep makè, papyè fliptchat, plim, papyè pou patisipan pran nòt.



# SESYON FOMASYON



# Dakò / pa Dakò

*NB: Dire sesyon an depann d e kantite deklarasyon fasilite a chwazi ak fason li jere deba a. Sa kapab yon bon sesyon pou koumansman jounen an, pandan w ap tann lòt moun vini, oubyen li kapab sèvi kòm animasyon pandan jounen an.*

## Objektif

- \* Chèche konprann, konesans, kwayans, kapasite ak konpòtman patisipan yo sou vyolans sou fanm ak tifi, ak sou pouvwa tifi ak fanm.
- \* Ede patisipan yo reflechi sou pwòp tèt pa yo, epi poze tèt yo kesyon.
- \* Devlope kapasite patisipan yo pou yo kapab avanse agiman konvenkan pou anpeche vyolans sou tifi ak fanm.

## Preparasyon

- \* Chwazi deklarasyon ki pi apwopriye pou gwoup la, ak pou Faz Kore Tifi nou ye a. Deklarasyon Dakò pa Dakò yo disponib nan fen sesyon sa a, apre egzèsis la. Ou kapab fè youn oswa plizyè deklarasyon selon tan ki disponib ak selon objektif jounen fòmasyon an. Pou pèmèt ase tan pou deba, li pi bon pou ou pa fè plis pase kat (4) nan yon sesyon.

*NB: Pou chwazi ki deklarasyon ki pi apwopriye, gade Rezilta Faz yo ak Objektif Aprantisaj yo pou ou jwenn deklarasyon ki pi koresponn ak sa w ap chèche fè nan Faz la. Pran an kont gwoup la tou (gade Kore Tifi Gid Pazapa pou chak Faz pou ou wè lis Rezilta Faz yo, ak Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo pou Objektif Aprantisaj yo). Si w ap sèvi ak plis pase yon deklarasyon alafwa, chwazi yon melanj ant deklarasyon ki gen repons "dakò" ak deklarasyon ki gen repons "pa dakò" dapre lide Kore Tifi yo.*

- \* Ekri "Mwen dakò", "Mwen pa dakò" ak "Mwen poko konnen" sou 3 moso papye epi kole yo twa kote diferan nan sal la.
- \* *NB: Prepare tèt ou, si gen bezwen, pou ou avanse tout kalte agiman pou chak deklarasyon. Si TOUT patisipan yo di yo dakò sou yon deklarasyon, pa egzanp, ou kapab vle pran pozisyon "avoka djab" epi kanpe bò "pa dakò" jis pou ou fòse patisipan yo esplike tèt yo, epi reponn moun ki pa gen menm kwayans ak yo. Sa kapab vreman ede manm Rezo yo fè pratik pou lè yo avèk lòt moun nan kominote a k ap poze yo kesyon.*

# Egzèsis



- 1) Esplike: *"Nou pral fè yon jwèt ansanm. M ap li yon deklarasyon. Lè nou fin tande sa mwen di, chak moun ap deside li menm, si li dakò oubyen si li pa dakò ak deklarasyon m li a, oubyen tou si li poko konnen."*
- 2) Montre patisipan yo kote ou te kole 3 moso papyè sa yo: "Mwen dakò", "Mwen pa dakò" ak "Mwen poko konnen" nan sal la.
- 3) Esplike: *"W ap deside nan ou menm, san ou pa okipe kote lòt moun yo kanpe. Li pa nesesè pou ou chèche repons ki 'kòrèk'. Epi w ap deplase ale kanpe bò kote fraz ki reprezante opinyon pa ou sou deklarasyon an. Pa egzanp, si ou dakò, w ap kanpe bò fraz 'Mwen dakò'. Annapre, w ap kapab di sa k fè ou dakò, pa dakò, oubyen sa k fè ou poko konnen. Lòt moun kapab konvenk ou selon sa yo di, epi ou kapab deside chanje pozisyon."*
- 4) Asire tout moun konprann lide a.
- 5) Li premye deklarasyon ou te chwazi a, epi fè yon ti rete tann tout moun chwazi pozisyon pou yo kanpe.
- 6) Mande kèk patisipan ki chwazi ale bò kote youn nan fraz yo "Mwen dakò", "Mwen pa dakò", ak "Mwen poko konnen" pou yo bay esplikasyon sou opinyon yo.
- 7) Poze kesyon pou ankouraje patisipan yo brase lide, si gen bezwen. Si gen moun ki di yon bagay ki mache ak lide *Kore Tifi* yo ki vreman yon bon agiman, mande si tout moun te tande sa epi mande moun yo repete l pou ba l valè san se pa fasilite ki di sa yo menm yo kwè. Si gen yon moun ki di yon bagay ki vreman pa mache ak lide *Kore Tifi* yo, men anpil moun nan kominote a kapab avanse menm agiman an, mande lòt patisipan sa yo panse sou sa moun nan di a.
- 8) Pèmèt patisipan ki vle chanje plas fè sa, si lòt patisipan konvenk yo.
- 9) Raple patisipan yo nou tout pa oblije dakò—sa ki enpòtan se pa pou nou rive nan yon konklizyon komen, men pou nou chak konnen tèt nou, konnen sa nou panse, epi kapab esplike poukisa. Kwayans nou yo kapab chanje.
- 10) Repete pwosesis la jiskaske deklarasyon ou te vle kouvri yo fini, oubyen rive lè sesyon an fini.
- 11) Remèsye patisipan yo.

*NB: Lè nou sèvi ak yon deklarasyon ak yon gwoup patisipan, fasilite a kapab note l yon kote pou se tanzantan li fè menm deba a pou wè pwogrè ki fèt, men pa twò souvan pou patisipan yo pa santi y ap fè menm deba a toutan.*



*NB: Apre chak deklarasyon, genyen ant parantèz dakò oubyen pa dakò. Se repons ki koresponn ak lide Kore Tifi yo. Yo dwe sèlman pèmèt fasilite a fè yon bon melanj ak deklarasyon yo. Men fasilite a pa dwe kite patisipan yo konnen si genyen bon ak move repons paske se pwosesis la ak deba a ki enpòtan pou pèmèt patisipan yo rive atenn objektif sesyon an. Se pou patisipan yo reflechi epi vini ak pwòp repons pa yo, repons ki mache ak sa yo kwè. Se pa aprann pou yo aprann kisa ki koresponn ak sa ki pa koresponn ak lide Kore Tifi, men se pou yo vanse pou lide pa yo vin koresponn ak lide Kore Tifi.*

## Faz 1 (Kòmanse) ak Faz 2 (Konsyantize): Konesans ak Kwayans

### Konesans:

- \* Timoun ki te temwen zak vyolans lakay yo genyen plis chans, lè yo gran, pou yo sibi oubyen sèvi ak vyolans. (Dakò)
- \* Timoun ki te temwen zak vyolans nan kominote yo genyen plis chans, lè yo gran, pou yo sibi oubyen sèvi ak vyolans. (Dakò)
- \* Se bwè tafya ki koz fondamantal vyolans sou tifi ak fanm. (Pa dakò—se dezekilib pouvwa)
- \* Pifò moun ki fè zak vyolans seksyèl sou fi se moun viktim yo pa konnen. (Pa dakò—pi souvan, se moun viktim nan konnen.)
- \* Lè tifi ak fanm manke pouvwa sa ogmante danje pou yo trape SIDA ak lòt maladi moun pran nan fè bagay. (Dakò)
- \* Depi se premye fwa yon jèn fi ap fè bagay, pa gen pwoblèm pou yo fè gwo presyon sou li. (Pa dakò—fè presyon pou yon lòt moun fè bagay lè l pa vle se vyolans seksyèl.)
- \* Ni meprize, ni joure, se vyolans. (Dakò)
- \* Pawòl pou kont yo pa kalifye kòm abi seksyèl. (Pa dakò—kèk pawòl kapab konsidere kòm asèlman seksyèl.)
- \* Anpil fwa timoun konn pè di si gen move bagay ki rive yo. (Dakò)




- \* Si yon tifi gen enfòmasyon sou fè bagay ak fason yon fi rive ansent, sa ap pouse l al fè bagay. (*Pa dakò—rechèch montre tifi ki konnen enfòmasyon sa yo gen mwens risk pou yo tonbe ansent sanzatann.*)
- \* Ti gason konn sibi vyolans seksyèl. (*Dakò*)
- \* Moun ki fè abi seksyèl pa fòseman fou oswa sou. (*Dakò*)
- \* Si yon fi pa di "non" sa vle di li vle fè bagay. (*Pa dakò—jwenn konsantman yon moun ale pi lwen pase sa. Moun nan kapab gen anpil rezon ak presyon ki fè li pa di non, menm si li pa dakò pou l fè bagay.*)

## Kwayans:

- \* Tifi ak ti gason dwe jwenn bon jan enfòmasyon sou kò yo, sou koze fè bagay ak sou jan pou yo pwoteje tèt yo kont gwasès ak VIH/SIDA. (*Dakò*)
- \* Gason dwe genyen plis pouvwa pase fi. (*Pa dakò*)
- \* Li enpòtan pou yo kenbe tifi pi kout pase ti gason pou tifi yo pa tonbe nan pwoblèm. (*Pa dakò*)
- \* Yo bezwen tande tifi yo plis nan fanmi yo ak nan kominote a. (*Dakò*)
- \* Fason fi abiye atire gason fè kadejak sou yo. (*Pa dakò*)
- \* Ti gason ta dwe pase menm kantite tan ak tifi nan fè travay nan kay. (*Dakò*)
- \* Yon gason dwe toujou gen dènye mo nan gwo desizyon k ap pran lakay li. (*Pa dakò*)
- \* Fi yo ta dwe kapab chwazi marye lè yo santi yo pare ak lè yo vle marye. (*Dakò*)
- \* Ti gason ta dwe gen plis opòtinite pou yo ale lekòl pase tifi. (*Pa dakò*)
- \* Yon jèn fi ki fè bagay ak plizyè gason pa merite respè. (*Pa dakò*)




- 
- 
- \* Lè yon gason fè asèlman seksyèl sou yon tifi, pi souvan se tifi a ki lakòz. *(Pa dakò)*
  - \* Lè mari oubyen mennaj yon fi fè vyolans sou fi a, pi souvan se fi a ki lakòz. *(Pa dakò)*
  - \* Moun nan kominote a genyen responsabilite pou yo pale aklè kont vyolans sou tifi ak fanm. *(Dakò)*
  - \* Si yon fi genyen SIDA, sa vle di li te merite l. *(Pa dakò)*
  - \* Tifi yo ta dwe kapab reyini san prezans ti gason. *(Dakò)*
  - \* Lè fi a sou kont gason an nan yon relasyon, sa fè relasyon an pi solid. *(Pa dakò)*
  - \* Lè yon fi genyen yon opinyon, li pi bon pou li pa di anyen pou moun pa panse li twò otoritè. *(Pa dakò)*
  - \* Yon fanm gen dwa pou l refize kouche ak mari li si li pa sou sa. *(Dakò)*
  - \* Gen fi ki renmen pran baton. *(Pa dakò)*
  - \* Yon gason ki marye kapab gen lòt fanm menm si bagay yo ap mache byen pou li avèk madanm li. *(Pa dakò)*
  - \* Yon fi gen dwa mande mari l mete kapòt. *(Dakò)*
  - \* Pou yon fi pare pou maryaj, li bezwen aprann pou li soumèt devan gason ki pral mari li a. *(Pa dakò)*
  - \* Yon fanm gen dwa pou l di moun deyò mari l te bat li. *(Dakò)*
  - \* Menm si fi a ak gason an ap travay deyò, se fi a ki toujou dwe kenbe kay la pwòp. *(Pa dakò)*
  - \* Gen de lè li bon pou yon gason souflete madanm li oubyen tape li. *(Pa dakò)*
  - \* Yon gason ak yon fi ki ansanm dwe balanse pouvwa yo egalego. *(Dakò)*
  - \* Yon fi ki marye ta dwe aksepte pran baton pou li pa kite fanmi an kraze. *(Pa dakò)*
  - \* Yon bon manman mete aksan sou devlopman pitit li pase pou l kontinye aprann oubyen fè travay pou li devlope tèt pa li. *(Pa dakò)*
  - \* Yon gason kapab yon pi bon lidè pase yon fi. *(Pa dakò)*

- \* Genyen bagay konkrè nou chak kapab fè pou ankouraje lidèchip fanm ak kore fi ki lidè. (*Dakò*)
- \* Lè gen baton, jouman nan yon kay, se pa wòl kominote a pou l mete bouch nan sa. (*Pa dakò*)
- \* Bat, meprize, joure yon moun, se yon chwa sa ye—fi kou gason kapab chwazi lòt jan pou yo eksprime tèt yo. (*Dakò*)
- \* Sa pa fè anyen sou timoun yo lè genyen goumen, baton, jouman nan kay ant mari ak madanm. (*Pa dakò*)
- \* Fi ki mete ti bout jip atire moun fè vyolans sou yo. (*Pa dakò*)
- \* (*Pou pwofesè ak pwen fokal*) Vyolans seksyèl rive nan lòt lekòl yo sèlman—nou pa genyen pwoblèm sa a nan lekòl pa nou an. (*Pa dakò*)
- \* (*Pou Gwoup Aksyon Kominotè*) Nou genyen yon gwo wòl pou jwe nan fè chanjman sosyal. (*Dakò*)
- \* Depi lajan antre nan kay la, koup la ta dwe deside ansanm sa pou yo fè ak lajan an. (*Dakò*)
- \* Si yon fi refize fè bagay ak mari l, se paske li genyen yon lòt nèg. (*Pa dakò*)
- \* Gen de lè gen pwoblèm nan yon kay ki pa ka rezoud san baton. (*Pa dakò*)

## Faz 3 (Sipò) ak Faz 4 (Aksyon): Kapasite ak Konpòtman

*NB: Deklarasyon pi ba yo se sou kapasite ak konpòtman moun. Anpil fwa, moun anvi di sa ki bon sou tèt yo, menm si se pa sa yo fè vre. Pou fè patisipan yo santi yo pi alèz pou yo pataje eksperyans yo nan fason ki onèt, lè ou mande pou moun esplike repons yo, annik mande yo pataje eksperyans, san jijman.*



Answit, ou kapab toujou li deklarasyon pi ba yo sou menm modèl dakò pa dakò a, oubyen ou kapab chanje modèl pou li vin konsa:

- \* Mande yo chita an won, epi kanpe si yon fraz valab pou yo.
- \* Si yon kesyon gen rapò ak yon relasyon koup, epi gen moun ki pa nan relasyon koup, yo kapab rete chita epi kwaze bra yo pou montre kesyon an pa pou yo, olye pou yo kanpe pou di wi, oubyen chita senpleman pou di non.

## Kapasite

- \* Mwen konn bay sipò ak tifi k ap fè fas ak pwoblèm oubyen ki genyen sousi. (Dakò/ Kanpe)
- \* Mwen kapab bay sipò ak tifi ki rapòte ka vyolans epi gide yo pou yo jwenn lòt sipò ak sèvis kominote a ofri. (Dakò/ Kanpe)
- \* Mwen konnen kote m kapab jwenn yon 'espas san danje' pou tifi yo nan kominote a. (Dakò/ Kanpe)
- \* Mwen poko santi mwen alèz pou m pale avèk tifi yo sou sijè sansib tankou lajan, sante seksyèl ak vyolans. (Pa dakò/ Chita)
- \* M poko konnen kijan m kapab ede lekòl bò lakay mwen adopte kòd kondwit ki pou pèmèt swivi fèt lè gen ka abi seksyèl ki rapòte. (Pa dakò/ Chita)
- \* Mwen kapab di 'non' lè mwen pa vle yon moun manyen m oubyen fè bagay avè m. (Dakò/ Kanpe)
- \* (Pou tifi) Sèl zanmi fi mwen genyen, li viv nan menm kay avèk mwen. (Pa dakò/ Chita)
- \* (Pou tifi) Mwen kapab pale ak paran mwen yo sou enpòtans pou mwen kontinye ale lekòl. (Dakò/ Kanpe)



## Konpòtman

- \* Mwen ankouraje tifi pran lapawòl ak bay dizon yo. (Dakò/ Kanpe)
- \* Se zen ak tripotay sèlman tifi konn fè, se pou sa m pa twò renmen tande yo lè yo ap pale. (Pa dakò/ Chita)



\* (Pou paran) Lakay mwen, pitit mwen yo, tifi ak ti gason mete men nan travay nan kay menm jan. (Dakò/ Kanpe)

\* (Pou paran) Mwen mete tifi ak ti gason lekòl menm jan. (Dakò/ Kanpe)

\* Ti gason lakay mwen gen plis tan pou yo etidye pase tifi, paske tifi yo bezwen fè travay nan kay la tankou lave rad, lave asyèt ak fè lòt travay. (Pa dakò/ Chita)



\* Ti gason m yo gen respè pou tifi. (Dakò/ Kanpe)

\* Tifi m byen avèk yo pa fè bagay ni sèvi ak kò yo pou yo peye lekòl, jwenn lajan oubyen lòt favè. (Dakò/ Kanpe)

\* Mwen kore lòt fi lè moun ap kritike yo. (Dakò/ Kanpe)

\* (Pou moun ki nan relasyon koup) Mwen genyen plis pouvwa nan desizyon enpòtan yo pase moun ki ansanm avè m nan. (Pa dakò/ Chita)

\* (Pou moun ki nan relasyon koup) Mwen genyen mwens pouvwa nan desizyon enpòtan yo pase moun ki ansanm avè m nan. (Pa dakò/ Chita)

\* (Pou moun ki nan relasyon koup) Moun ki ansanm avè m nan konn pran plis desizyon pase m nan zafè ale vizite fanmi m oubyen paran m. (Pa dakò/ Chita)

\* Mwen konn kreye posibilite pou tifi ka demontre fòs yo nan kominote a. (Dakò/ Kanpe)

\* Mwen jwenn plizyè fason pou m kore tifi nan kominote a. (Dakò/ Kanpe)

\* Mwen poko pale ak lòt moun bò lakay mwen sou zafè gason k ap bat fi oswa fòse fi fè bagay yo pa vle fè. (Pa dakò/ Chita)

\* Mwen jwenn fason pou m pase alaksyon pou anpeche vyolans nan kominote a. (Dakò/ Kanpe)

\* Genyen yon règleman oubyen yon lwa mwen anvi chanje pou li bay fi plis pouvwa. (Dakò/ Kanpe)

# Bay ak Resevwa Fidbak

(30 minit)

*NB: Premye fwa patisipan yo ap travay avèk kontni sa a, ou kapab bezwen fè toude pati yo. Men apre sa, nan lòt sesyon, ou kapab sèvi avèk Pati 2 sèlman lè gen bezwen pou ou raple fason pou moun bay bon jan fidbak.*

## Objektif

- \* Patisipan yo konprann enpòtans yon kilti aprantisaj nan travay pou anpeche vyolans sou fanm ak tifi.
- \* Patisipan yo kapab bay ak resevwa bon jan fidbak, montre fason pou sa fèt avèk bon analiz plis teknik "sandwich".

## Preparasyon

- \* Pa gen preparasyon pou sesyon an.

## Egzèsis

### **Pati 1: Poukisa pou nou bay ak resevwa fidbak? (15 minit)**

- 1) Esplike: "Nan nenpòt kalte travay sosyal nou angaje, ap toujou genyen fòs nan travay nou, ansanm ak kèk aspè nou bezwen amelyore pou nou kapab pi efikas. Kòm moun, kèk fwa li difisil pou nou tande moun kritike sa n ap fè, sitou si nou ap fè anpil efò. An menm tan tou, li enpòtan pou nou, ki ap fè mobilizasyon kominotè pou anpeche vyolans sou fanm ak tifi, rete ouvè pou koute sa lòt moun ap di epi pou nou kontinye amelyore travay nou ap fè."
- 2) Mande: "Kisa 'fidbak' ye?" (Eseye fè soti: Kominikasyon dirèk epi detaye sou yon aktivite oubyen pèfomans yon moun, ki genyen ladan li sa k pozitif ak sa ki pou amelyore.)
- 3) Esplike: "Bay ak resevwa fidbak se yon konpetans chak moun bezwen genyen, donk chak moun dwe aprann ak fè pratik sou sa. Epi se yon kilti tou ki bezwen devlope pami gwoup aktivis pou travay nou ka kontinye grandi ak amelyore."
- 4) Mande: "Poukisa li enpòtan pou nou devlope yon kilti aprantisaj, kote chak moun kapab bay ak resevwa fidbak byen, pou Kore Tifi kapab reyisi?" (Posib repons: Si gen moun ki pa anvi aprann, li vin difisil pou pwogrè fèt. Si chak moun kontribiye nan yon kilti aprantisaj, tout moun ak travay ki pou bay rezilta nou vle atenn ap kontinye avanse.)



- 5) Mande: *"Nan ki sikonstans nou vle bay ak resevwa fidbak, nan Kore Tifi?"* (Posib repons: Nan ankadremman nou bay manm Ekip ak Rezo, apre nou fè yon aktivite oubyen yon evenman, lè n ap aprann pou nou genyen yon nouvo kapasite, elatriye.)
- 6) Mande: *"Ki defi nou kapab jwenn lè nou vle bay ak resevwa fidbak?"*
- 7) Fè yon lis, epi eseye fè soti:
  - a. Anpil moun pè pou yo pa sanble moun k ap kritike yon lòt moun, yon fason pou moun yo vle bay fidbak la pa fwase.
  - b. Nou pa gen abitud bay fidbak ak moun ki gen plis pouvwa pase nou.
  - c. Yon moun kapab pi anvi defann tèt li olye li vreman koute yon fidbak ki kapab ede li grandi.
  - d. Kèk moun bay fidbak nan fason ki pa pran an kont sansibilite lòt moun.
  - e. Kèk moun bay fidbak nan fason ki pa gen ase detay ak eleman pou nou aprann yon bagay (Egzanp: Tout sa ou te fè a bon.)
  - f. Kèk moun bay fidbak ki gen rapò ak faktè nou pa gen kontwòl sou yo, olye kapasite oubyen lòt aspè nou kapab kontwole. (Egzanp: Lapli a te fè pa t gen anpil moun.)
  - g. Elatriye.
- 8) Esplike: *"Youn nan aspè ki pi enpòtan nan jere defi sa yo, se rekonèt yo la. Nou kapab ede moun konprann avantaj lè nou bay ak resevwa bon jan fidbak. Nou kapab mete tèt ansanm pou nou kreye yon kilti aprantisaj kote chak moun ap ankadre lòt pou nou tout grandi, epi pou nou vin pi efikas."*

## **Pati 2: Kijan pou ou bay ak resevwa bon jan fidbak (15 minit)**

- 1) Mande: *"Lè n ap pale de manje, kisa k yon 'sandwich'?"* (Eseye fè soti: Se 2 tranch pen ki genyen vyann oubyen lòt bagay nan mitan yo.)
- 2) Esplike: *"Gen yon metòd nan bay ak resevwa fidbak ki rele 'sandwich' tou, paske li gen 3 menm aspè sa yo. Premye tranch pen an se bon bagay yon moun fè vreman byen nan aktivite li oubyen li demontre nan konpetans li. Apre sa, ou ba li engredyan nan mitan an (vyann nan oubyen lòt bagay) ki se sa moun nan kapab amelyore pou pwochèn fwa. Finalman, ou mete lòt tranch pen an sou engredyan ki te sou premye tranch la. Se sa ki pou ankouraje moun nan."*



- 3) Mande: "Ki 3 pati ki genyen nan bon jan fidbak ak metòd sandwich?" (Eseye fè soti: 1. Yon bagay yon moun vreman fè byen, 2. Yon bagay yon moun kapab amelyore, ak 3. Yon lòt bagay ki kapab ankouraje moun nan.
- 4) Esplike: "Pa egzanp, apre yon aktivite yon manm Rezo fasilite nan kominote a, ou kapab jwenn yon moman ki apwopriye pou ou pale avèk li apa. Selon sa ou te wè, ou kapab di l kèk bagay konsa:
  - a. "Nan aktivite ou sot fè a, m vreman felisite w paske tout moun te patisipe epi angaje. Sa pa fasil, epi ou fè sa vreman byen."
  - b. "Pwochèn fwa, ou kapab fè yon rezime nan fen sesyon an ki pèmèt patisipan yo reflechi plis toujou sou gwo pwèn ki te trete yo, epi raple yo lide pou yo kenbe nan tèt yo."
  - c. "M remake an jeneral, patisipan yo gen gwo respè pou ou, sa fè y ap toujou vini nan aktivite ou ap fè. Sa vreman anfòm. Felisitasyon!"
- 5) Envite 1 patisipan bay fidbak sou sesyon an nan moman sa a, oubyen sou fòmasyon an an jeneral, avèk metòd sandwich. Asire yo fè toule 3 pati yo ak ase detay.
- 6) Si gen tan, mande chak moun pale ak youn nan moun ki bò kote l epi ba li yon egzanp fidbak ak metòd sandwich, tout moun alafwa. Mache tande gwoup yo pou ou gen yon lide sou fason yo kapte metòd la.
- 7) Ede fè eklèsisman sou fason pou yo bay bon jan fidbak, si gen bezwen.
- 8) Remèsye gwoup la pou patisipasyon pa yo.

# Kisa Kore Tifi ye?

Prezantasyon PowerPoint a (45 minit-1nèdtan)

**KORE TIFI**

An nou anpeche vyolans  
sou tifi nan kominote nou

**KLEB TIFI**

**REPANSE POUVWA**  
An nou balanse pouvwa ant fi ak gason

**KORE TIFI**

**BEYOND BORDERS**

Mache kòt-a-kòt  
avèk metodoloji  
Raising Voices  
SASA!

NB: Pou ou jwenn yon kopi sou fòm Powerpoint, kontakte Pwogram Repanse Pouvwa Beyond Borders nan [annanpechevyolans@gmail.com](mailto:annanpechevyolans@gmail.com)





# KORE TIFI

An nou anpeche vyolans sou tifi nan kominote nou



**REPANSE POUVWA**  
An nou balanse pouvwa ant fi ak gasan



**BEYOND BORDERS**

## Nòt pou fasilite:


Sesyon Kisa Kore Tifi ye? ta sipoze pran 45 minit—si gen bezwen, ou ka ajoute 15 minit pou pèmèt plis deba. Sa pral vle di, gen kèk bagay ou pa kouvri nèt paske w ap kouvri yo pi an detay nan pwochèn sesyon fòmasyon, elatriye. Sa se jis yon ti goutte. Eseye jere lè.

Fasilite a kapab mete l alèz pou li adapte l pou lòt gwoup.

- \* Prezante sesyon an, epi prezante tèt ou.
- \* Si sa apwopriye pou gwoup la, mande yo: “Kisa nou konnen deja sou Kore Tifi?”

# Kisa Kore Tifi ye?

- 1) Kore Tifi se yon gid pazapa pou òganizasyon ak aktivis ki vle anpeche vyolans sou tifi epi ogmante pouvwa tifi nan kominote a.
- 2) Kore Tifi mete ansanm **pwogram ki santre sou tifi** avèk **pwosesis chanjman nòm sosyal** nan yon kominote.
- 3) Nou kapab sèvi ak metodoloji a pou kont li oubyen nou kapab sèvi avèk li ansanm avèk *SASA*: Gid Aktivis pou Anpeche Vyolans sou Fanm ak Enfeksyon VIH/SIDA.
- 4) Yon pwosesis mobilizasyon kominotè pou chanjman nòm sosyal ki mete aksan sou klèb tifi, lekòl ak paran, men ki angaje TOUT MOUN nan kominote a: tifi, ti gason, fanm, gason.



**Nòt pou fasilite:** Prezante pwèn yo, epi ajoute: "*Kore Tifi* marye plizyè apwòch pou anpeche vyolans ki baze sou rezilta ankèt syantifik, e ki genyen aktivite sa yo ladan li:"

- \* Ranfòse pouvwa tifi ak jèn fi ki frekante **klèb tifi**;
- \* Enplike **gason ak ti gason** nan travay pou ekilibre pouvwa nan relasyon ant gason ak fi, e pou mesye yo tounen aktivis pou pouvwa tifi;
- \* Pote chanjman nan dezekilib pouvwa ki egziste ant fi ak gason nan lekòl, atravè **yon pwosesis ki angaje tout moun nan yon lekòl**, e ki genyen ladan li fòmasyon pou Ekip lekòl la, mizannèv kòd kondwit ak sistèm pou refere moun, aktivite pou Ekip ak elèv pandan timoun yo pa nan klas, ak yon kourikoulòm pou twazyèm sik fondamantal ak nouvo segondè ki tou marye ak objektif pwogram regilye klas yo;
- \* **Chanje valè ak pratik sosyal** yon fason ki pou ranfòse sekirite tifi, libète ak kapasite pou yo pale e pou moun tande yo, nan itilize **zouti espesyal pou kominote a, pou paran yo**.
- \* *Kore Tifi* ap ba nou tout zouti n ap bezwen pou nou pote chanjman dirab nan kominote kote n ap travay yo!

# Poukisa Kore Tifi enpòtan?



## **Nòt pou fasilitatè:**

Poze kesyon, epi mande patisipan yo reponn nan 2-3 minit pou yo bay tout rezon ki fè li enpòtan pou nou anpeche vyolans sou tifi nan kominote a.

# Èske vyolans sou tifi se yon pwoblèm vre?







- \* Nan lemond, prèske 60 milyon tifi sibi agresyon seksyèl nan chemen lekòl, oswa anndan lekòl, chak ane. Genyen kèk peyi kote yon tifi ap pi fasil fè eksperyans vyolans pase pou li aprann li.
- \* Yon ankèt montre, ann Ayiti, jèn fi ant 15 ak 24 lane 2 fwa pi an danje pase gason ki nan menm tranche laj la pou yo trape VIH/SIDA.
- \* Nan lemond, an jeneral, 60% nan tout jèn ant 15 ak 24 lane ki trape enfeksyon VIH/SIDA, se jèn fi.
- \* Ann Ayiti, 1 sou chak 4 tifi ak 1 sou chak 5 ti gason fè eksperyans vyolans seksyèl.
- \* Prèske 1 sou chak 3 tifi nan Karayib la, ak 1 sou chak 5 tifi ann Ayiti di se fòse yo te fòse yo nan premye eksperyans seksyèl yo.
- \* Tifi ki nan sistèm restavèk la pi fasil pou yo fè eksperyans vyolans fizik ak vyolans seksyèl anvan yo rive nan laj 18tan pase lòt tifi ki pa nan sistèm restavèk la.
- \* Sou chak grenn dola US ki depanse pou devlopman an jeneral, se mwens pase 2 santim ki investè nan pwogram pou tifi, an patikilye pou tifi ant 10 ak 14zan.

## Nòt pou fasilite:

Esplike 2-3 nan done estatistik yo pou moun yo OUBYEN pou kèk gwoup, deside pito pou bay temwayaj san ou pa fè pèsonalite.

NB: Pou referans estatistik yo, ou kapab wè Liv Entwodiksyon *Kore Tifi*: **Poukisa nou bezwen Kore Tifi? Kesyon moun konn poze souvan**

# Ki konsekans vyolans sou tifi?


	KONSEKANS VYOLANS SOU TIFI 	AVANTAJ LÈ TIFI VIV SAN VYOLANS 
	<p><b>Konsekans sou tifi:</b> Yo gen plis tandans panse tiye tèt yo, bwè alkòl, fè pitit san yo pa vle, trape enfeksyon VIH/SIDA ak lòt enfeksyon moun pran nan fè bagay, genyen konpòtman ki mete yo an danje pa rapò ak fè bagay, aksepte fè bagay anba presyon ann echanj lajan oswa favè. Tifi ki wè vyolans ki fèt sou manman yo genyen plis chans pou yo fè eksperyans vyolans lè yo vin gran. Elatriye.</p>	<p><b>Avantaj pou tifi:</b> Yo pi alèz ak pwòp tèt yo e yo kwè nan tèt yo plis, yo genyen mwens tandans panse tiye tèt yo e yo genyen mwens pwoblèm sante. Tifi yo rete tann lè yo pare anvan yo fè pitit. Yo viv pi lontan e yo pi an sante. Relasyon koup yo pi solid. Yo genyen mwens chans pou yo fè eksperyans vyolans lè yo vin gran. Elatriye.</p>
	<p><b>Konsekans sou gason ak ti gason:</b> Relasyon yo pa anfòm, yo pèdi bon relasyon ak zanmi ak fanmi, yo ale nan prizon, yo depanse lajan yo nan pwoblèm sante. Ti gason ki wè vyolans ki fèt sou manman yo genyen plis chans pou yo sèvi ak vyolans lè yo vin gran. Elatriye.</p>	<p><b>Avantaj pou gason ak ti gason:</b> Yo genyen pi bon relasyon ak zanmi yo ak fanmi yo, yo jwenn plis amoni, yo jwenn respè nan kominote yo e ti gason genyen mwens chans pou yo sèvi ak vyolans lè yo vin gran. Elatriye.</p>

## Nòt pou fasilite:

Fè ti rezime sou konsekans ak avantaj yo.



# Ki konsekans vyolans sou tifi?




## Konsekans sou lekòl:

Elèv yo genyen plis estrès, maladi, distraksyon ki pa ede yo fokus sou rezilta yo, move nòt, yo pa motive, lekòl la genyen move repitasyon, pa gen anpil tifi ki enskri nan lekòl la. Elatriye.

## Avantaj pou lekòl:

Pi bon rezilta, elèv yo pi kontan aprann, bon repitasyon, genyen anpil tifi ki enskri. Elatriye.



## Konsekans sou fanmi, kominote ak sosyete a:

Fanmi yo divize, yo vin san respè epi yo fè bak nan tout sans. Paske moun pa pwodui nan nivo yo ta kapab epi tout moun pa gen menm pouvwa nan sosyete a pou yo travay, sa vin bay yon defisi ekonomik. Vin gen plis moun k ap bay sistèm sèvis ki la pou trete sivivan yo presyon paske demann yo pa satisfè. Vin gen mwens angajman sivik epi sitwayen ak sitwayen yo vin gen mwens kapasite pou yo pote kichòy ki ka itil sosyete a. Elatriye.

## Avantaj pou fanmi, kominote ak sosyete a:

Plis inyon ak konfyans nan fanmi, plis patisipasyon sitwayen ak sitwayen nan vi kominote a, plis nouvote ak avansman, pi bon rezolisyon konfli, plis sekirite nan kominote, moun pi kontan e yo pi an sante nan kominote yo. Gen plis devlopman. Elatriye.

## Nòt pou fasilite:

Fè ti rezime sou konsekans ak avantaj yo.

# E ti gason atò?

- \* Ti gason angaje nan lit pou kore pouvwa tifi tou!
- \* Genyen anpil vyolans seksyèl ki fèt sou timoun ann Ayiti, ni ti gason, ni tifi. Tout soufrans sa yo merite sispann.
- \* Genyen konsekans tou ki pi grav pou tifi akòz yo genyen mwens pouvwa e yo pi ba nan je sosyete a; pa egzanp, lè yon tifi ansent bonè, sa kapab genyen konsekans grav sou sante li ak chans li pou li ale lekòl, tandiske gason ki ansent tifi a kapab pa genyen tout pwoblèm sa yo.
- \* Moun nan sosyete a atann yo aske gason ak ti gason sèvi ak vyolans sou fanm ak tifi, e yo aksepte sa tankou yon bagay "nòmal".
- \* Lè tifi jwenn pouvwa, ti gason jwenn avantaj tou.
- \* An jeneral, tifi gen mwens pouvwa pase ti gason
- \* Tifi ak ti gason pa fè eksperyans menm evantay fòm vyolans.
- \* Genyen kèk konsekans vyolans ki pa menm pou tifi ak ti gason.
- \* Tifi pa genyen menm chans ak ti gason pou yo jwenn sèvis ki pou yo ak espas kote yo an sekirite.



## Nòt pou fasilite:

- \* Kouvri pwen ki sou paj la.
- \* Esplike: *Kore Tifi* angaje gason ak ti gason aktivman, a chak etap nan pwosesis la. Nan pati k ap fèt nan lekòl, tout pwofesè ak tout pèsònèl administrasyon yon lekòl, fanm kou gason, ap travay pou fè mizannè v kourikoulòm eskolè a ansanm ak tout elèv yo, tifi kou ti gason. Tout moun enplike!
- \* Pou plis ransèyman, fasilite a kapab fè referans epi prepare tèt li ak dokiman: Poukisa nou bezwen *Kore Tifi*? Kesyon moun konn poze souvan

# Teyori chanjman Kore Tifi



PI BON SEKIRITE,  
LIBÈTE AK KAPASITE TIFI  
POU YO PALE E POU  
MOUN TANDE YO!

ATANSYON ESPESYAL E  
RANFÒSE POU TIFI NAN KLÈB KI  
POU TIFI SÈLMAN

CHANJMAN NÒM SOSYAL NAN KOMINOTE A

- \* Pwosesis kominotè
- \* Pwosesis nan nivo lekòl la
- \* Zouti pou paran

## Nòt pou fasilite:

Esplike: Pou fè yon ti rezime, *Kore Tifi* kreye chanjman lè li mete ansanm atansyon espesyal sou tifi sèlman ansanm ak chanjman nòm sosyal nan kominote a. Lè sa fèt, sa bay tifi pi bon sekirite, libète ak kapasite tifi pou yo pale e pou moun tande yo!

# Kisa ki "pouvwa tifi"?

Lè tifi genyen pouvwa, non sèlman moun respekte byennèt emosyonèl ak sosyal yo, diyite yo ak dwa yo, men tou moun nan kominote a travay aktivman pou asire bagay sa yo reyalize.



$$\begin{array}{l} \text{Sekirite tifi} \\ + \\ \text{Libète ak kapasite tifi} \\ \text{pou yo pale} \\ \text{e pou moun tande yo} \\ + \\ \text{Pouvwa kominote a} \\ \text{pou ede ak asiste} \\ \text{tifi yo} \\ = \\ \text{Pouvwa tifi!} \end{array}$$

## Nòt pou fasilite:

Prezante sa k sou paj la. Si nesèsè, esplike:

- ✳ **Sekirite tifi** se lè pa genyen okenn vyolans fizik, okenn vyolans seksyèl, okenn vyolans emosyonèl, ni okenn vyolans ekonomik sou tifi, ansanm ak kondisyon ki pèmèt tifi viv lib san okenn laperèz pou vyolans sa yo ta menase yo.
- ✳ **Libète ak kapasite tifi pou yo pale e pou moun tande yo** vle di "libète ak kapasite tifi pou yo pale e pou moun tande yo lakay yo ak nan piblik, pou yo kapab pran desizyon ki konsène pwòp lavi yo e pou yo aplike desizyon sa yo nan bi y ap vize, san yo pa sibi okenn vyolans, okenn pinisyon, ni pou yo pa santi laperèz."
- ✳ **Pouvwa kominote a pou ede ak asiste tifi yo** se yon pwosesis kote moun nan yon kominote travay ansanm pou yo kreye nouvo valè ak nouvo pratik ki pa danse kole ak vyolans sou tifi e ki apiye yon ekilib pouvwa ant fanm ak gason. Sa vle di tou y ap kreye nouvo "nòm sosyal" ki nan avantaj ni tifi, ni kominote kote y ap viv yo.
- ✳ **Nòm sosyal** se kwayans ki detèmine sa moun konsidere ki "kòrèk", oswa akseptab pou moun fè nan yon kominote.

# Ki bi Kore Tifi?



Bi Kore Tifi se kreye relasyon, ranfòse lekòl ak kominote ki pèmèt fi ak gason kapab jwi pouvwa yo egalego.

An patikilye, *Kore Tifi* ap pèmèt nou ogmante sekirite, libète ak kapasite tifi yo pou yo pale e pou moun tande yo. Objektif faz *Kore Tifi* yo se pote nouvo konesans, pèmèt nouvo konpetans, chanje kèk kwayans ak konpòtman.



**FAZ 1 (KÒMANSE)** – Konesans ak Kwayans Ekip ak Rezo

**FAZ 2 (KONSYANTIZE)** – Konesans ak Kwayans Kominote a

**FAZ 3 (SIPÒ)** – Kapasite Kominote a

**FAZ 4 (AKSYON)** – Konpòtman Kominote a

## Nòt pou fasilite:

Prezante enfòmasyon sou paj la



# Kiyès ki nan Ekip ak Rezo Kore Tifi?

**Ekip:** Omwen 2 manm estaf

**Rezo Kore Tifi:**

- Menntò Klèb Tifi (ak klèb tifi)
- Aktivis Kominotè
- Pwen Fokal Lekòl ak Pwofesè Lekòl
- Gwoup Aksyon Kominotè
- Aye (Sipòtè)


Ekip ak Rezo angaje tout lòt manm kominote! Tout moun angaje!



**Nòt pou fasilite:** Prezante paj la – si ou bezwen plis enfòmasyon, sèvi ak nòt pi ba yo:

- \* **Klèb tifi:** Nan Klèb Tifi, Tifi ak menntò nan kè pwosesis chanjman an. Yo resevwa sipò pou yo jwenn pouvwa yo, pou yo enfòme tout lòt gwoup ki nan Rezo Kore Tifi.
- \* **Aktivis Kominotè (AK):** Se fanm ak gason ki pran angajman sou lontèm pou yo fasilite reyalyasyon aktivite Kore Tifi nan kominote yo, e ki manifeste valè apwòch la nan pwòp lavi pa yo. Pou yo kapab efikas, yo jwenn sipò nan men manm Ekip Kore Tifi.
- \* **Pwen fokal nan lekòl ak Pwofesè lekòl:** Se yon gwoup fanm ak gason ki soti nan direksyon ak manm pèsònèl yon lekòl plis reprezantan paran ak elèv nan lekòl la. Yo genyen menm wòl avèk aktivis kominotè, men se nan lekòl ki fè pati rezo lekòl Kore Tifi yo plis angaje yo. Pwofesè lekòl travay avèk kourikoulòm Kore Tifi nan klas yo tou. Se pwofesè Syans Sosyal, Byoloji ak Fransè.
- \* **Gwoup Aksyon Kominotè (GAK):** Se enstitisyon ak gwoup pwofesyonèl ki entegre Kore Tifi nan sèvis ak fonksyonman yo – Gwoup sa yo te egziste deja – Pa egzanp: gwoup relijye, gwoup lidè kominotè, moun ki travay nan lasante, medya, gwoup bayè de fon, gwoup ki fè pledwaye, elatriye.
- \* **Alye:** Se nenpòt moun ki vle bay sipò san yon angajman alontèm (pa egzanp, yon moun ki genyen yon gwo lakou oubyen yon espas pou rankont li kapab ofri, oubyen tou yon gwoup zanmi osinon kòlèg ki kapab anonse aktivite ki pral fèt).

# Tout moun ap patisipe nan Kore Tifi



Adaptasyon pou tifi de: *Raising Voices (2008). SASA! An Activist Kit for Preventing Violence against Women and HIV. Kampala: Raising Voices. SASA!, and Heise L. (1998). An Integrated, Ecological Framework, Violence Against Women, Sage Publications, Inc. (4) 3, 262-290.*

## Nòt pou fasilite:

Esplike:

- \* Tout moun ap patisipe nan Kore Tifi, paske tout moun bezwen chanje pou tifi jwenn pouvwa yo.
- \* Nou oblije angaje kèk moun ki soti nan chak kouch sosyal pou nou asire gen yon mas kritik pou chanjman.
- \* Tifi oblije angaje, paske se sou lavi yo n ap pale. Epi nou gen kèk zouti anndan Kore Tifi ki pou lòt gwoup yo tou, tankou paran, lekòl, pèsònèl lasante, jounalis, ak lòt.






# Mèsi! Kesyon?



## Nòt pou fasilite:

- \* Remèsye patisipan yo pou patisipasyon yo
- \* Reponn kesyon yo genyen
- \* Fini ak yon kesyon pou yo – ak kiyès yo kapab pale pou pèmèt travay pou kore pouvwa tifi avanse?



# Enpòtans Tifi—Istwa Marie


(1nèdtan 30 minit)

## Objektif


- \* Patisipan yo wè koneksyon ant nivo ankadreman yo bay tifi avèk avantaj tifi ak tout kominote a jwenn, oswa pa jwenn.

## Preparasyon:

- \* Prepare yon fliptchat ak tit: **Istwa Marie si nou PA ankadre li—Ki konsekans ekslizyon tifi yo?**



- \* Prepare yon fliptchat ak tit: **Istwa Marie si nou ankadre li—Ki avantaj ankadreman tifi yo bay?**





- \* Enprime tout kat istwa Marie, epi dekoupe yo.
- \* Metrize toude posib istwa Marie yo. Gade paj resous "Istwa Marie jan li ye (li pa jwenn ankadreman li bezwen)" ak nan paj resous "Kèk lide sou Istwa Marie Pozitif (lè li jwenn ankadreman)" ki nan fen sesyon an apre egzèsis la.
- \* Mete 12 ti moso tep yon kote pou l fasil pou nou mete chak pati ki dekoupe yo nan plas yo sou fliptchat.
- \* Fè fotokopi fèy "Bon Ankadreman Tifi ak Jèn Fi" pou chak patisipan.



## Egzèsis:

*Nòt: Pou gwoup kote anpil patisipan pa konn li twò byen, ou kapab adapte sesyon an, epi li premye istwa Marie pou yo, oubyen mande 2-3 patisipan ki alèz ak lekti pou yo fè tout lekti yo.*

### 1) Esplike:

- \* *"Anpil fwa lè nou pale de timoun, se tankou nou te panse tout timoun yo menm jan. Lè nou fè sa, nou konn bliye tifi kapab genyen bezwen ki pa menm ak ti gason. Epitou, kèk fwa nou pale de fanm, men nou pa wè diferans ki genyen ant eksperyans fanm ak eksperyans tifi."*
- \* *"Lè nou bliye ki bezwen patikilye tifi kapab genyen, nou pa ba yo ankadreman yo bezwen."*
- \* *"Sesyon sa a se sou enpòtans tifi yo genyen nan sosyete a. Pou nou gade sa pi byen, an n gade istwa lavi yon tifi ki rele Marie. Marie se youn nan prèske 600 milyon fi ki genyen 10 - 19 lane nan lemonn<sup>1</sup>. Istwa li reprezante listwa yon pakèt lòt tifi ak jèn fi."*

- 2) Mande 12 moun pwopoze tèt yo pou yo li yon pati nan istwa Marie. Bay yo chak youn nan kat ou te dekoupe yo.
- 3) Kole fliptchat 1: "Istwa Marie si nou PA ankadre li—Ki konsekans esklizyon tifi yo?" sou mi an.
- 4) Esplike: "Chak moun ap li pati pa yo nan istwa Marie. Apre nou fin li l, n ap mete l sou fliptchat la selon laj Marie te genyen lè sa a. N ap kòmanse ak nimewo 1, lè Marie genyen 10zan."
- 5) Fè chak moun ki genyen nimewo 1-3 li pati istwa Marie pa yo, epi fè chak patisipan mete pati istwa pa yo ak yon ti tep sou fliptchat la pi wo "Tifi 10zan".
- 6) Fè yon ti rezime pou yo sou sa k te rive Marie lè l te genyen 10zan.

- 
- 
- 7) Esplike: *"Kounye a, Marie grandi, kèk lane pase, epi istwa Marie kontinye menm jan, san ankadreman. An nou gade sa ki gen tan rive lè li genyen 15zan. Fè chak moun ki genyen #4-6 li pa yo epi mete pa yo pi wo "15zan".*
  - 8) Repete pwosesis la pou #7-9 ak "Lè Marie vin pi gran" epi #10-12 pou "Pitit Marie lè yo vin pi gran". Apre chak laj Marie, fè ti rezime istwa a pou patisipan yo.
  - 9) Mande: *"Kisa nou wè ki pase si nou pa ankadre tifi yo?" (Posib repons: maladi, soufrans, lamizè, mank edikasyon, mank devlopman, elatriye.)*
  - 10) Esplike: *"Kounye a, nou pral wè diferans lan si nou deside ankadre yon tifi tankou Marie, epi nou reponn bezwen li genyen kòm tifi."*
  - 11) Mete Zzyèm fliptchat ki rele "Istwa Marie si nou ankadre li—Ki avantaj ankadreman tifi yo bay?"
  - 12) Mande: *"Si nou ankadre Marie byen, kijan sa ap ye pou li pito?"*
  - 13) Mande patisipan yo gade istwa Marie ankò pou chak tranch daj. Kòmanse ankò ak Marie lè li te genyen 10zan. Fè patisipan yo envante kèk lide ki kapab diferan pou chak laj si Marie jwenn bon jan ankadreman. (NB: *Jeneralman, repons chak moun pral envès sa ki sou fèy la. Pou plis lide, gade fèy "Kèk lide sou Istwa Marie Pozitif"*).
  - 14) Mande:
    - \* *"Poukisa li enpòtan pou nou ankadre tifi yo?"*
    - \* *"Ki avantaj tifi yo jwenn lè nou ankadre yo byen?"*
    - \* *"Ki avantaj tout moun jwenn lè nou ankadre tifi yo byen?"*
  - 15) Distribiye "Bon Ankadreman Tifi ak Jèn Fi" pou chak patisipan. Si gen tan, fè lekti li ansanm. Si pa gen tan, omwen bay yon ti esplikasyon sou sa li ye ak sa yo ka jwenn ladan li.
  - 16) Rezime sesyon an konsa: *"Li vreman enpòtan pou tout timoun jwenn bon jan ankadreman, epi nou oblije gade nyans chak timoun prezante pou konnen ki ankadreman patikilye yo bezwen. Si nou pa wè diferans ant tifi ak ti gason, oswa ant tifi ak fanm, kèk fwa nou neglije bezwen patikilye tifi yo. Lè nou neglije bezwen tifi yo, tifi yo soufri pou sa, epi nou tout soufri pou sa. Lè nou ankadre tifi yo byen, tout moun jwenn avantaj."*
  - 17) Remèsye patisipan yo.

# Kat Istwa Marie

**1 Marie lè li genyen 10zan**  
Sou chak grenn dola US ki depanse pou devlopman an jeneral, se mwens pase 2 santim ki envesti nan pwogram pou tifi, an patikilye pou tifi ant 10 ak 14zan. Si gen pwogram pou timoun, li pa benefisyè. Si gen pwogram pou fanm, li pa benefisyè tou.

**2 Marie lè li genyen 10zan**  
Tout tach li genyen pou fè nan kay fè l difisil pou l etidye.

**3 Marie lè li genyen 10zan**  
Yon gason Marie konnen fòse l fè bagay ak li. Li pa te vle, epi li pè. Se pa sèlman Marie ki fè eksperyans sa a. 1 sou chak 5 tifi ann Ayiti di se fòse yo te fòse yo nan premye eksperyans seksyèl yo. Nan tout timoun ki fè eksperyans abi seksyèl anvan 18tan, se 1 nan chak 10 tifi ki jwenn yon sipò pwofesyonèl tankou sante, sipò moral, elatriye. Marie pa jwenn sipò, epi li izole.

**4 Marie lè li genyen 15zan**  
Fanmi Marie retire l lekòl paske yo pa ka peye pou li ak pou frè li tou. Se pa sèlman Marie ki nan sitiyasyon sa a. Genyen 63.1 milyon tifi ak jèn fi nan lemonn ki pa lekòl. Lè fi kite lekòl bonè, yo gen plis risk pou yo marye pi bonè, mouri nan fè pitit, fè pitit ki malad ak malnouri, epi pou yo pa mete pitit pa yo lekòl lè yo menm yo vin gran. Pa gen anpil espwa pou Marie pa kontinye viv ak pwoblèm.

**5 Marie lè li genyen 15zan**  
Marie chèche yon fason pou l viv, epi li jwenn ak yon gason ki ba li yon ti kòb. Li antre nan relasyon ak nèg la epi li vin ansent. Marie genyen 2 fwa plis risk pou l pran VIH/SIDA pase jèn gason menm laj avè l. Li poko pran l, men pèsonn pa esplike l fason pou l evite pran l tou. Papa pitit la abandone l.

**6 Marie lè li genyen 15zan**  
Kominote kote Marie ap viv wè li ak fanmi li kòm chay sou plan ekonomik pou yo, epi yo izole l plis toujou. Marie ap chèche lavi, epi li jwenn yon lòt nèg. Li fè lòt pitit. Men nèg la bat li.

**7 Marie lè li vin pi gran**  
Marie pran VIH/SIDA. Li pa pou kont li nan sa. Nan lemonn, an jeneral, 60% nan tout jèn ant 15 ak 24 lane ki trape enfeksyon VIH/SIDA, se jèn fi. Sa fè gwo efè sou bidjè nasyonan lasante peyi a. Si yo pase viris la bay lòt moun, sa koumanse pi chè toujou. Malerezman, pèsonn pa esplike Marie sa pou l fè, epi pitit li pran VIH/SIDA tou.

**8 Marie lè li vin pi gran**  
Marie malad, li pa ka kontinye fè ti komès li t ap fè. Li pa twò evidan pitit Marie yo ap fini lekòl.

**9 Marie lè li vin pi gran**  
Montan Marie PA touche paske li vin ansent bonè epi kite lekòl ogmante pi plis chak lane. Chak klas lekòl primè yon yon timoun fè an plis pèmèt li touche 10-20% lajan an plis lè li vin gran. E chak klas lekòl segondè an plis, 15-25% plis lajan<sup>3</sup>. Se pa sèlman lajan Marie pa touche a ki pèdi nan ekonomi peyi a. Si ou multipliyè sa li pa touche nan lavi l ak sa lòt jèn fi ki pa te ale lekòl nan menm tan ak Marie pa touche, nou ka wè se potansyèl peyi a k ap gaspiye.

**10 Pitit Marie yo lè yo vin pi gran**  
Pitit li ki genyen VIH/SIDA pèdi anpil paske li pa ka jwenn travay, epi moun nan kominote a ba l move non pote paske yo pa konprann reyalyte VIH/SIDA. Mete sou sa tout pitit li yo pa ale lekòl. Yo menm mete ansanm ak plizyè milyon timoun tankou yo ta kapab fè anpil gwo bagay pou kominote yo ak ekonomi peyi a, men yo bloke.

**11 Pitit Marie yo lè yo vin pi gran**  
Peyi a genyen anpil depans pou lasante, epi nivo VIH/SIDA vin ogmante.

**12 Pitit Marie yo lè yo vin pi gran**  
Sèk la repete ankò ak pitit pitit Marie.

### MARIE LÈ LI GENYEN 10ZAN

- 1) Sou chak grenn dola US ki depanse pou devlopman an jeneral, se mwens pase 2 santim ki investi nan pwogram pou tifi, an patikilye pou tifi ant 10 ak 14zan. Si gen pwogram pou timoun, li pa benefisyè. Si gen pwogram pou fanm, li pa benefisyè tou.
- 2) Tout tach li genyen pou fè nan kay fè l difisil pou l etidye.
- 3) Yon gason Marie konnen fòse l fè bagay ak li. Li pa te vle, epi li pè. Se pa sèlman Marie ki fè eksperyans sa a. 1 sou chak 5 tifi ann Ayiti di se fòse yo te fòse yo nan premye eksperyans seksyèl yo. Nan tout timoun ki fè eksperyans abi seksyèl anvan 18tan, se 1 nan chak 10 tifi ki jwenn yon sipò pwofesyonèl tankou sante, sipò moral, elatriye. Marie pa jwenn sipò, epi li izole.

### MARIE LÈ LI GENYEN 15ZAN

- 4) Fanmi Marie retire l lekòl paske yo pa ka peye pou li ak pou frè li tou. Se pa sèlman Marie ki nan sitiyasyon sa a. Genyen 63.1 milyon tifi ak jèn fi nan lemonn ki pa lekòl<sup>2</sup>. Lè fi kite lekòl bonè, yo gen plis risk pou yo marye pi bonè, mouri nan fè pitit, fè pitit ki malad ak malnouri, epi pou yo pa mete pitit pa yo lekòl lè yo menm yo vin gran. Pa gen anpil espwa pou Marie pa kontinye viv ak pwoblèm.
- 5) Marie chèche yon fason pou l viv, epi li jwenn ak yon gason ki ba li yon ti kòb. Li antre nan relasyon ak nèg la epi li vin ansent. Marie genyen 2 fwa plis risk pou l pran VIH/SIDA pase jèn gason menm laj avè l. Li poko pran l, men pèsonn pa esplike l fason pou l evite pran l tou. Papa pitit la abandone l.
- 6) Kominote kote Marie ap viv wè li ak fanmi li kòm chay sou plan ekonomik pou yo, epi yo izole l plis toujou. Marie ap chèche lavi, epi li jwenn yon lòt nèg. Li fè lòt pitit. Men nèg la bat li.

### MARIE LÈ LI VIN PI GRAN

- 7) Marie pran VIH/SIDA. Li pa pou kont li nan sa. Nan lemonn, an jeneral, 60% nan tout jèn ant 15 ak 24 lane ki trape enfeksyon VIH/SIDA, se jèn fi. Sa fè gwo efè sou bidjè nasyonal lasante peyi a. Si yo pase viris la bay lòt moun, sa koumanse pi chè toujou. Malerezman, pèsonn pa esplike Marie sa pou l fè, epi pitit li pran VIH/SIDA tou.
- 8) Marie malad, li pa ka kontinye fè ti komès li t ap fè. Li pa twò evidan pitit Marie yo ap fini lekòl.

- 9) Montan Marie PA touche paske li vin ansent bonè epi kite lekòl ogmante pi plis chak lane. Chak klas lekòl primè yon yon timoun fè an plis pèmèt li touche 10-20% lajan an plis lè li vin gran. E chak klas lekòl segondè an plis, 15-25% plis lajan. Se pa sèlman lajan Marie pa touche a ki pèdi nan ekomonomi peyi a. Si ou miltipliye sa li pa touche nan lavi l ak sa lòt jèn fi ki pa te ale lekòl nan menm tan ak Marie pa touche, nou ka wè se potansyèl peyi a k ap gaspiye.

## PITIT MARIE YO LÈ YO VIN PI GRAN

- 10) Pitit li ki genyen VIH/SIDA pèdi anpil paske li pa ka jwenn travay, epi moun nan kominote a ba l move non pote paske yo pa konprann reyalyte VIH/SIDA. Mete sou sa tout pitit li yo pa ale lekòl. Yo menm mete ansanm ak plizyè milyon timoun tankou yo ta kapab fè anpil gwo bagay pou kominote yo ak ekonomi peyi a, men yo bloke.
- 11) Peyi a genyen anpil depans pou lasante, epi nivo VIH/SIDA vin ogmante.
- 12) Sèk la repete ankò ak pitit pitit Marie.





### MARIE LÈ LI GEN 10ZAN

- \* Plis lajan nan èd entènasyonal se pou pwojè pou ede tifi menm jan ak Marie.
- \* Li pa sibi okenn vyolans. Gen pwogram nan kominote a ki ede moun balanse pouvwa yo epi anpeche vyolans. Gen sipò nan kominote pou moun ki sibi vyolans, si gen bezwen.
- \* Òganizasyon yo konnen ki kote pou yo jwenn li ak fason pou yo monte pwogram ki efikas pou li.
- \* Li ale lekòl.
- \* Li genyen posibilite pou li ale kote li santi li alèz, epi patisipe nan rankont ak aktivite pou ede li grandi ak kreye bon relasyon anndan kominote a.



### MARIE LÈ LI GENYEN 15ZAN

- \* Marie toujou ale lekòl—yon pwogram mikwokredi ede li kontinye. Lekòl la mete bon twalèt separe pou tifi ak ti gason, pou tifi pa rate jou lekòl poutèt règ yo.
- \* Marie toujou ale kote li santi li alèz epi patisipe nan aktivite kominotè.
- \* Paran ak lekòl Marie esplike l kòman pou l pwoteje tèt li kont VIH/SIDA ak lòt maladi moun pran nan fè bagay.
- \* Li fè zanmi fi ki pi gran pase l, ki gen bon konpòtman, ki sèvi modèl pou li. Moun sa yo ede li grandi.
- \* Li genyen kanè bank pou kenbe ti kòb li.
- \* Kominote a ankouraje li. Yo wè avantaj pou tout kominote a si li jwenn siksè. Marie menm investi 90% kòb li fè pou ede fanmi li.


## MARIE LÈ LI VIN PI GRAN

- \* Marie kapab negosye avèk yon gason pou mete kapòt (si li deside fè bagay). Li an sante. Lè li deside kòmanse yon fanmi, timoun yo ap an sante tou.
- \* Marie gen travay e li kontribiye nan ekonomi peyi a. Lòt jèn fi ki nan menm laj ak Marie jwenn menm kalite siksè.
- \* Avèk lajan ki ajoute akòz gen yon popilasyon ki ale lekòl, ki pa vin ansent sanzatann, gen mwens chay sou do sistèm sante a, e peyi a genyen plis lajan pou li investi pou popilasyon an.
- \* Marie kapab fè yon plan biznis epi sa ka ede ti komès li te fè a vin yon gwo biznis.
- \* Pitit li yo pral fini lekòl epi jwenn zanmi, rezo, ak opòtinite.

## PITIT MARIE YO LÈ YO GRANDI

- \* Pwochèn jenerasyon an genyen bon edikasyon, sante, epi yo kapab kontribiye nan ekonomi peyi a.
- \* Genyen 50% mwens ka VIH/SIDA.
- \* Ekonomi peyi a pi djanm epi bidjè leta ogmante tou.
- \* Lavi a vin pi bèl.

\* Marie se yon fòs pou chanje lemonn !!!



# Bon Ankadreman Tifi ak Jèn Fi\*

Yon tifi ki genyen 10zan rive nan yon moman enpòtan nan lavi li.

Tout bagay ki pase nan lavi l—depi 10zan pou rive 15zan—pral detèmine tout rès vi li, lavi pitit li ak pitit pitit li! Genyen plizyè prensip pou nou swiv pou byen ankadre tifi yo!

## PRENSIP POU KONSTWI BON JAN RELASYON AK TIFI YO:

Kòman nou ka prepare teren ki ka ofri tifi pi gwo chanjman pou tèt yo, pou fanmi yo epi pou kominote yo?

### 1. Chèche tifi yo kote yo ye.

Se tifi ki pi frajil ki ka genyen pi gwo chanjman nan lavi yo, epi ki kapab ede kominote yo plis. Yo pa toujou prezan nan pwogram oubyen vizib nan kominote a; nou oblije al chèche yo kote yo ye pou nou ankadre yo.

### 2. Angaje moun ki ka ede nou jwenn tifi yo.

Chanje lavi yon tifi mande pou nou konstwi relasyon dabò avèk kominote l ap viv la, epi ede kominote sa a genyen mantalite pozitif anvè tifi yo.

### 3. Angaje tifi yo.

Tifi yo pa tout kote. Kote ak kondisyon ou jwenn yo ka ba ou anpil enfòmasyon sou yo.

### 4. Asire tifi yo jwenn "espas san danje".

Tifi yo ak zanmi yo bezwen kote ki apwopriye pou yo ka konstwi baz lavi yo ak fè chanjman nan vi yo tou.

### 5. Asire tifi yo genyen papye ki nesèsè tankou ak nesans, lè sa posib pyès idantite, oubyen lòt.

Ak nesans bay yon kalte pwoteksyon, se yon siy ki montre tifi yo egziste e yo gen valè nan je moun nan sosyete a. Se yon fason tou pou sosyete a di tifi yo gen plas yo anndan peyi a. Epitou se dokiman enpòtan pou asire yo ka sezi kèk opòtinite. Ak nesans, pyès idantite ak lòt dokiman ka ouvri anpil pòt pou tifi yo!

## SIS (6) PRENSIP AN PLIS POU TIFI KA VIV BYEN :

Ede yo swiv bon wout epi ba yo chans:

### 6. Asire tifi yo genyen fòmasyon sou fonksyonman kò yo.

Aprann yo chanjman ki ap fèt nan kò yo ak fason pou yo pwoteje sante yo. Bagay sa yo ap vin fè yo pi fò pase laperèz yo ka santi.

### 7. **Asire w chak tifi genyen 5 zanmi.**

Peryòd adolesans fè ti gason ki viv nan lamizè vin pi endepandan kontrèman ak tifi ki nan menm peryòd la ak nan menm kondisyon. Tifi yo menm vin ekate nan sosyete a. Ede yo kenbe kontak avèk lòt moun yo.

### 8. **Asire tifi yo genyen yon fi ki pi gran pase yo ki ankadre yo.**

Ede yo devlope zanmitay ak menntò oubyen lòt jèn fi ki pa nan fanmi yo, ki pi gran pase yo e ki te pase nan menm wout la—men ki reyisi.

### 9. **Ede tifi yo jwenn bon modèl ki se lòt jèn fi.**

Fasilite yo wè lòt tifi ki reyisi nan objektif yo te vize, ki kwè nan tèt yo e ki kapab ede tifi kwè nan tèt yo tou.

### 10. **Asire tifi yo kontinye ale lekòl.**

Si tifi kontinye ale lekòl, yo gen mwens risk pou yo marye bonè, mouri nan fè pitit, fè pitit ki malad ak malnouri. Yo gen plis chans pou yo mete pitit pa yo lekòl lè yo menm yo vin gran. Chak klas an plis yon tifi fè nan lekòl segondè ogmante lajan li pral touche 15-25%.

### 11. **Fè tifi yo kwè nan tèt yo e ede yo pwoteje tèt yo.**

Tifi nan laj 12-18 lane pi souvan pa kwè anpil nan pwòp tèt pa yo. Kapasite kwayans nan pwòp tèt pa yo se yon gwo eleman pou pwoteksyon tèt pa yo e se li menm tou ki ap detèmine lanmò ak sivi yo.

## POUVWA EKONOMIK:

### 12. **Ede jèn fi genyen pouvwa lajan (ekonomik).**

Ede tifi yo kraze baryè lamizè, ofri yo posibilite pou yo ka fè lajan.



Yon tifi ki grandi nan povrete anpil fwa se bourik botay fanmi l. Li brote dlo, li lave rad pou fanmi an, li ede timoun yo, gran moun yo, epi moun ki malad nan fanmi an.

Lè konsa, fanmi li pa kwè nan kapasite l pou li fè lajan. Yo pa genyen anpil volonte pou investi nan edikasyon l oubyen nan sante l. E sa fè tifi sa a pa ka ede pwòp pitit pa li nan zafè edikasyon ak laswenyay.

Wete tifi yo nan lamizè se ofri posibilite pou yon devlopman ekonomik pou tout fanmi an.

**Si nou asire prensip sa yo respekte, tout bagay ap mache byen pou tifi yo, epi pou pwòp fanmi pa yo!**

\* Adapte apati materyèl girleffect.org




Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

Repanse Pouvwa (509) 3617 1815 • [annanpechevolans@gmail.com](mailto:annanpechevolans@gmail.com) • [repansepouvwa.org](http://repansepouvwa.org) • Beyond Borders • [www.beyondborders.net](http://www.beyondborders.net) •

Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouvwa ak atis Chevelin Pierre

# Sèk Enfliyans Tifi

(30 minit)



NB: Sesyon sa a se yon prezantasyon brèf ki ta sipoze fèt touswit apre sesyon SASA! "Sèk Enfliyans". Li nan Modil Fòmasyon Faz Kòmanse SASA!<sup>5</sup> "Apwofondi Konesans" ki disponib sou: [repansepouvwa.org](http://repansepouvwa.org)

## Objektif

- \* Patisipan yo konprann fason tout kominote a genyen enfliyans sou pouvwa tifi yo.

## Preparasyon

- \* Fè fotokopi Sèk Enfliyans Tifi, sou fèy nan fen sesyon an apre "Egzèsis" pou tout patisipan. Oubyen mete l vizib pou tout moun apati yon pwojektè, pou tout patisipan yo kapab wè l.


## Egzèsis

- 1) Distribiye fèy "Sèk Enfliyans Tifi" oubyen mete l devan patisipan yo.
- 2) Esplike:
  - a. "Pou menm rezon nou te wè avèk Sèk Enfliyans lè gen vyolans nan koup, lè nou vle anpeche vyolans sou tifi, se pou tout kominote a nèt angaje."
  - b. "Tout moun ap patisipe nan Kore Tifi, paske tout moun bezwen chanje pou kreye kondisyon pou genyen yon pouvwa pozitif ki ekilibre!"
  - c. "Sa vle di Kore Tifi angaje fanm kou gason, tifi kou ti gason, paran, fanmi, zanmi, lidè relijye, lidè kominotè, chèf enstitisyon, gwo zouzoun, medya ak jounalis, reprezantan kolektivite lokal, gouvènman, bayè de fon, elatriye."
  - d. "Yon ti Ekip **pa** kapab angaje chak grenn moun nan yon kominote. Pou sa nou mete kanpe yon Rezo ki genyen ladan li kèk moun ki soti nan toule 4 sèk enfliyans yo pou nou asire gen yon mas kritik pou chanjman. Sa vle di, oblije gen ase moun nan chak nivo—grenn moun, relasyon, kominote ak sosyete—ki konvenki. Epi apre sa yo menm yo bezwen pale ak lòt moun nan sèk enfliyans pa yo, pou chanjman an fèt."



- 3) Mande: *"Poukisa yon ti gason bezwen angaje nan lit pou anpeche vyolans sou tifi? Ki avantaj angajman ti gason bay?"*
- 4) Pran 1-2 entèvansyon.
- 5) Si gen tan, kontinye mande: *"Poukisa yon mis bezwen angaje? Yon Azèk? Yon jounalis? Yon Palmantè?"* (Pran 1 entèvansyon pou chak.)
- 6) Esplike: *"Malgre nou di tout kouch oblije angaje pou anpeche vyolans sou tifi, men gen gwoup ki gen pouvwa pase lòt sou lavi tifi, poutèt se tifi yo ye."*
- 7) Mande: *"Ki gwoup ki genyen anpil pouvwa sou lavi tifi?"*
- 8) Eseye fè soti: Tifi yo menm, Paran ak Lekòl.
- 9) Esplike:
- Tifi:** *"Nou di **Tifi** se nannan Kore Tifi paske bi final la se ogmante sekirite tifi yo, kapasite ak libète yo pou yo pale e pou moun tande yo. Kore Tifi genyen gid ki montre pazapa fason pou nou kreye klèb tifi ak espas ki pou tifi sèlman, plis jan pou nou ranfòse yo."*
  - Paran ak moun ki okipe tifi yo:** *"Egzanp paran yo bay, epi jan yo trete pitit fi ak pitit gason yo genyen gwo enpak sou jan timoun yo ap sèvi ak vyolans ou non, ak jan y ap fè eksperyans vyolans ou non. Lè nou enplike paran nan pwosesis chanjman an, sa pèmèt nou atenn tifi ak ti gason ki pa al lekòl, e sa ap pèmèt lide k ap sikile nan kominote a ranfòse anndan kay. Kore Tifi genyen Ti Pale ak Paran ak Ti Pale pou Paran ak Pitit nan chak Faz."*
  - Lekòl:** *"Lekòl pa sèlman kote tifi ak ti gason vin aprann epi pase kèk moman, se kote tifi konn fè eksperyans vyolans souvan tou. Lekòl ede defni kwayans ak konpòtman moun nan kominote a atravè jan li enfluyans kwayans ti gason ak tifi ki pral gen plis pouvwa nan sosyete a lè yo vin gran. Kidonk, lekòl genyen gwo potansyèl pou anpeche vyolans nan kominote a. Kore Tifi genyen ladan li yon pwosesis chanjman ki angaje tout moun nan yon lekòl nèt, ansanm ak yon kourikoulòm pou lekòl segondè."*
- 10) Rezime sesyon an konsa:
- Kore Tifi gen yon pwosesis ki angaje tout moun nan lit pou anpeche vyolans sou tifi ak jèn fi, ak pou ede tifi yo jwenn pouvwa yo nan kominote a.
  - Nou gen materyèl espesyal pou kèk gwoup ki gen plis pouvwa tou sou lavi tifi, men sa pa fè lòt gwoup yo pa enpòtan.
- 11) Remèsye patisipan yo pou patisipasyon yo.

# Sèk Enfliyans Tifi\*



\* Adapte pou Tifi soti nan: Raising Voices (2008). *SASA/ An Activist Kit for Preventing Violence against Women and HIV*. Kampala: Raising Voices. *SASA*, and Heise L. (1998). *An Integrated, Ecological Framework, Violence Against Women*, Sage Publications, Inc. (4) 3, 262-290.



# Prezante Kore Tifi bay kominote a (45 minit-1nèdtan)



## Objektif

- \* Manm Ekip ak Rezo aprann fason pou yo prezante Kore Tifi bay divès manm ak gwoup nan kominote a.

## Preparasyon

- \* Ekri sou fliptchat: “4 Etap Preparasyon Anvan nou Prezante Kore Tifi nan Kominote a”
  - \* **Etap 1:** Reflechi sou enfliyans ak priyorite moun ou pral pale avèk yo
  - \* **Etap 2:** Byen li tout kesyon ak respons “Poukisa nou bezwen Kore Tifi: Kesyon moun konn poze souvan”
  - \* **Etap 3:** Gade PowerPoint “Kisa Kore Tifi ye?” epi tire kèk enfòmasyon ladan li ki kapab itil
  - \* **Etap 4:** Ekri ti nòt pou tèt ou, epi pratike sa ou pral di avèk lòt manm Ekip oubyen Rezo
- \* Fè fotokopi “Poukisa nou bezwen Kore Tifi: Kesyon moun konn poze souvan” pou tout patisipan yo. Li nan Liv Entwodiksyon Kore Tifi. NB: Jwenn yon kopi sou [repansepouvwa.org](http://repansepouvwa.org)
- \* Fè kopi oubyen pwojeksyon PowerPoint “Kisa Kore Tifi ye?”. Li dwe aksesib pou patisipan yo pandan y ap fè travay an gwoup.





## Egzèsis

- 1) Esplike: *“Nan sesyon sa a, n ap fè yon ti pratik sou pwosesis preparasyon pou nou prezante Kore Tifi pou premye fwa devan yon gwoup moun nan kominote a.”*
- 2) Mande: *“Poukisa li enpòtan pou nou byen prepare epi byen reflechi sou fason pou n prezante Kore Tifi premye fwa, e chak n ap prezante li pou yon nouvo gwoup nan kominote a.”*
  - a. *Ekri repons patisipan yo. Eseye fè soti:*
  - b. *Premye fwa moun tande pale de Kore Tifi yo kapab deside ba li sipò yo, oubyen anvi bloke l, selon fason nou prezante l.*
- 3) Nou pa kapab reyisi nan Kore Tifi san sipò ak angajman divès manm kominote kote nou ap travay.
- 4) Mande: *“Èske tout moun nan kominote a ap gen menm refleksyon sou Kore Tifi?” (Non)*
- 5) Esplike: *“Divès manm yon kominote kapab genyen divès opinyon sou Kore Tifi. Li enpòtan nan premye tan, anvan pwosesis chanjman an pran chè, pou nou aprann esplike Kore Tifi nan fason ki kapab atèri e ki angaje plis moun posib. Pi devan, nou kapab bay esplikasyon sou sa n ap eseye fè ak plis presizyon. Men pandan nou nan premye moman konstwi relasyon moun ak moun, li enpòtan pou nou swiv kèk etap.”*
- 6) Divize patisipan yo an 3 gwoup. NB: Li posib chak gwoup ka genyen sèlman 1-2 moun, si pa gen anpil patisipan.
- 7) Mande chak gwoup chwazi yon gwoup moun pou yo prezante Kore Tifi nan kominote a (egzanp: lidè kominotè, Majistra, Kazèk, gwoupman fanm, elatriye). Ba yo sèlman 3 minit pou yo chwazi gwoup moun yo. Chak gwoup bezwen chwazi yon kalte moun/ gwoup diferan.
- 8) Montre patisipan yo fliptchat ak *“4 Etap Preparasyon Anvan nou Prezante Kore Tifi bay Kominote a”* epi mande yon patisipan li l pou gwoup la tande.
- 9) Esplike: *“Kounye a, nou pral swiv etap yo an gwoup.”*
  - a. *“Premyeman, n ap reflechi byen sou enfliyans ak opinyon moun ki nan gwoup n ap sible a. Èske li bon pou nou pale dirèkteman sou vyolans sou fanm ak tifi avèk yo? Oubyen èske nou kapab pale sou fason kominote a kapab angaje li pou tifi ak ti gason kapab leve pi byen, ak pouvwa yo byen balanse, ak kè kontan? Toude esplikasyon yo bon, yo kòrèk e se verite—nou p ap bay okenn manti sou Kore Tifi. Reflechi an jeneral sou gwoup la ak fason y ap tande sa ou pral di, epi chwazi fason ou pral esplike laverite sou Kore Tifi avèk yo.”*

b. "Dezyèmman, sonje repons ki nan "Poukisa nou bezwen Kore Tifi: Kesyon moun konn poze souvan" pou ede w prepare tèt ou. Men anndan sesyon an ou p ap gen tan pou sa. Ou ka distribiye l apre sesyon an oubyen ou ka fè sa anvan prezantasyon an."

c. "Twazyèmman, gade eleman ki nan PowerPoint 'Kisa Kore Tifi ye?' epi reflechi sou kiyès ladan yo ki kapab itil pou gwoup pa w la konnen. Pou kèk gwoup, ou kapab deside fè pwojeksyon PowerPoint lan. Pou lòt gwoup, sa pral dwòl pou yo. Donk se yon bagay ki pi enfòmèl, se nan dyalòg w ap fè avèk yo enfòmasyon ki nan PowerPoint lan ap pase. Lè sa a w ap sèlman bezwen gade kèk nan lide ki nan PowerPoint lan pou ou kapab sonje touche pwen ou dwe touche yo."



d. "Finalman, ekri ti nòt pou tèt ou sou sa ou pral fè a."

e. "Chak gwoup ap genyen 15 minit pou li prepare yon ti prezantasyon k ap dire 3-5 minit sèlman sou Kore Tifi, pou gwoup li chwazi a. Akoz objektif sesyon an, chak gwoup ap ekri ti nòt li yo sou fliptchat pou tout moun kapab wè yo. Jeneralman, ou ta fè sa pou tèt ou, sou ti moso papye."

f. "Apre, gwoup la ap fè similasyon ti prezantasyon an. Nan similasyon an, se manm gwoup la ki pral jwe wòl moun oubyen gwoup w ap sible anndan kominote a, pandan lòt manm gwoup la jwe wòl moun ki ap prezante Kore Tifi."

g. NB: Si gen gwoup ki gen sèlman 1 moun ladan li, moun nan ap jwe wòl moun ki ap prezante Kore Tifi pandan lòt moun ki soti nan lòt gwoup ap jwe wòl manm kominote l ap sible a.

h. "An reyalyte, anpil fwa n ap genyen plis pase 3-5 minit pou nou prezante Kore Tifi, men kèk fwa se sa n ap genyen sèlman."

10) Reponn kesyon gwoup yo si gen bezwen.

11) Mache anndan sal la pou ede gwoup yo avanse ak planifikasyon yo, si gen bezwen.

12) Raple gwoup yo lè gen 5 minit ki rete pou tan preparasyon yo.

13) Apre 15 minit fin pase, rele gwoup yo tounen nan gwo wonn.



- 14) Envite premye gwoup la anonse pou ki moun oubyen gwoup yo chwazi fè prezantasyon an, epi mete devan gwo gwoup la nòt yo te ekri yo, pou tout moun kapab wè yo pandan similasyon an ap fèt. Bay gwoup la 3-5 minit sèlman pou yo prezante.
- 15) Remèsye premye gwoup la, epi mande lòt patisipan yo poze kesyon ak bay fidbak sou prezantasyon an. Bay fidbak tou, si ou genyen.
- 16) Repete pwosesis prezantasyon ak kòmantè pou chak lòt gwoup yo.
- 17) Remèsye patisipan yo pou similasyon yo.
- 18) Distribye kopi “Poukisa nou bezwen Kore Tifi: Kesyon moun konn poze souvan” si ou poko fè sa. Epi raple patisipan yo fason kesyon ak repons sa yo kapab itil nan preparasyon yo bezwen fè.
- 19) Rezime sesyon an konsa:
  - a. *“Nou chak kapab genyen bezwen kontinye fè preparasyon ak fè repetisyon anvan nou prezante Kore Tifi bay divès kalte manm kominote a.”*
  - b. *“Chak fwa nou fè yon prezantasyon, nou vin pi maton nan fason pou nou fè l.”*
  - c. *“Li enpòtan anpil pou nou byen reflechi sou enfliyans ak priyorite gwoup la, epi ede yo wè koneksyon ant Kore Tifi ak sa yo menm yo vle, san nou pa bay move enfòmasyon oubyen fè fo pwomès sou kont Kore Tifi.”*
  - d. *“Youn nan aspè ki pi enpòtan pandan nou ap prezante Kore Tifi se kontinye tandè manm kominote a, epi fè dyalòg ak yo ki kapab pèmèt yo konprann avantaj Kore Tifi genyen pou yo, fanmi yo ak kominote a an jeneral.”*
- 20) Remèsye patisipan yo pou patisipasyon pa yo.

# Prezantasyon Kore Tifi nan Klèb Tifi (1nèdtan)

## Objektif

- \* Menntò Klèb Tifi aprann fason pou yo prezante Kore Tifi nan klèb tifi pou premye fwa.

## Preparasyon

- \* Ekri sou fliptchat Ajennda pi ba a: "Ajennda Premye Rankont Klèb Tifi"

- \* Akèy/Byenvini (10 minit)
- \* Prezantasyon menntò ak tifi yo (20 minit)
- \* Koutje sou metòd Kore Tifi (10 minit)
- \* Objektif klèb la (10 minit)
- \* Kat Sosyal Sekirite Tifi (1nèd tan)
- \* Kloti ak rapèl pwochen rankont (10 minit)

*(NB: Òdinèman, yon ajennda pou premye rankont la kapab parèt konsa, men gwoup la kapab adapte l pou li konfòm ak planifikasyon li yo. Gade: "Gid pou Kreyasyon Klèb Tifi" nan Faz 1 Kore Tifi, li disponib sou: [repansepouvwa.org](http://repansepouvwa.org) pou plis enfòmasyon.)*

- \* Ekri sou fliptchat: "Kesyon pou nou reponn lè nou prezante Kore Tifi nan Klèb Tifi"

- \* Kisa Kore Tifi ye?
- \* Poukisa Kore Tifi enpòtan?
- \* Kisa klèb tifi yo sipoze fè pou yo kore tifi ak jèn fi?
- \* Kiyès ankò ki angaje nan aktivite pou reyalize Kore Tifi epi poukisa?

- \* Fè fotokopi "Poukisa nou bezwen Kore Tifi: Kesyon moun konn poze souvan" nan Liv Entwodiksyon Kore Tifi, pou tout patisipan yo. NB: Jwenn yon kopi sou [repansepouvwa.org](http://repansepouvwa.org)

## Egzèsis

- 1) Esplike: “Nan sesyon sa a, n ap fè yon ti pratik sou pwosesis preparasyon lè nou prezante Kore Tifi pou premye fwa nan klèb tifi yo. N ap prezante l pou manm klèb tifi yo kapab konnen fason klèb la entegre ak lòt aktivite nan kominote a ki sipoze la pou kore yo tou. Esplikasyon sa a kapab fèt nan premye rankont nou fè ak klèb tifi yo.”
- 2) Montre fliptchat ki genyen Ajennda Premye Rankont Klèb Tifi sou li. Montre patisipan yo sesyon n ap fè a, se “Koutje sou metòd Kore Tifi”, li ap dire 10 minit sèlman nan rankont lan.
- 3) Esplike: “Gen kèk bagay ki enpòtan pou tifi ak jèn fi ki nan klèb yo konnen sou Kore Tifi.”
- 4) Mete fliptchat ak “Kesyon pou nou reponn lè nou prezante Kore Tifi nan Klèb Tifi” pou patisipan yo wè li, epi mande youn nan patisipan yo li l.
- 5) Mande: “Kounye a n ap fè yon ti similasyon tou brèf sou fason nou ta esplike repons kesyon “Kisa Kore Tifi ye?”, pou tifi ak jèn fi nan klèb yo. Kiyès k ap fè similasyon sa a pou nou?”

NB: Se Menntò k ap fè similasyon an, yo ap fè tankou yo devan tifi yo nan klèb la.

- 6) Fè patisipan an esplike nan 1-2 minit. Eseye fè soti: Kore Tifi se yon metòd ki la pou fasilite nou anpeche vyolans sou tifi epi ogmante pouvwa tifi nan kominote a. Sa vle di li la pou ede tout moun nan kominote a ankadre epi kore tifi ak jèn fi yo.
- 7) Mande yon patisipan fè similasyon pou chak lòt kesyon yo, devan tout gwoup la. Eseye fè soti egzanp pi ba yo:
  - a. **Poukisa Kore Tifi enpòtan?** (Egzanp: Tifi ak jèn fi kèk fwa manke ankadremman yo bezwen pou yo vin djanm. Epi lè tifi ak jèn fi djanm, tout moun jwenn avantaj paske yo bezwen fòs tifi ak jèn fi yo!)
  - b. **Kisa klèb tifi yo sipoze fè pou yo kore tifi ak jèn fi?** (Egzanp: Aprann tifi ak jèn fi sou kèk tèm enpòtan, tankou pouvwa, kominikasyon, lidèchip ak zanmitay, finans, sante ak vyolans, pou nou menm ki nan klèb la kapab viv pi byen epi aprann lòt zanmi nou sa nou aprann. Klèb tifi ede nou jwenn pouvwa ak fòs!)
  - c. **Kiyès ankò ki angaje nan aktivite pou reyalize Kore Tifi epi poukisa?** (Pa egzanp: Tout kouch moun angaje nan Kore Tifi! Paran avèk materyèl Ti pale ak Paran, Jounalis avèk Lide pou Atik oswa Repòtaj, Mis oubyen Ajan sante avèk Ti Koze sou Lasante, Lekòl avèk Kourikoulòm, epi Aktivis Kominotè avèk Afich, Ti Komik plis lòt zouti. Tout moun nan kominote a sipoze angaje pou kominote a kapab ankadre tifi ak jèn fi pi byen epi ede yo jwi dwa yo!)

- 8) Remèsye patisipan yo. Raple yo, y ap sèlman gen 10 minit pou yo prezante repons 4 kesyon sa yo devan klèb yo, men li toujou enteresan pou yo poze kesyon pou tifi yo kapab reponn kesyon sa yo selon panse pa yo tou.
- 9) Esplike: *“Kounye a menntò ki nan chak klèb pral fè similasyon. Chak koup menntò (2 menntò ki travay ansanm) ap chita apa e pandan 10 minit tout koup yo ap fè similasyon an menm tan, sou fason pou yo reponn kesyon sa yo pandan prezantasyon Kore Tifi nan klèb tifi. Apre sa, se pa tout gwoup ki pral prezante, men m ap chwazi 1-2 gwoup vin prezante, epi n ap bay fidbak sou prezantasyon yo.”*
- 10) Reponn kesyon gwoup yo si gen bezwen.
- 11) Mache anndan sal la pou ede gwoup yo avanse, epi eseye tande pou asire chak klèb gen bon jan repons sou tout kesyon yo.
- 12) Raple gwoup yo lè gen 5 minit ki rete nan similasyon pa yo.
- 13) Apre 10 minit fin pase, rele gwoup yo tounen nan gwo wonn.
- 14) Envite 1 gwoup vin fè similasyon pandan 10 minit, devan tout gwoup la.
- 15) Remèsye premye gwoup la, epi mande lòt patisipan yo poze kesyon ak bay fidbak sou prezantasyon an. Bay fidbak tou, si genyen.
- 16) Si gen tan, envite 1-2 lòt gwoup prezante.
- 17) Remèsye patisipan yo pou similasyon yo fè.
- 18) Distribiye kopi *“Poukisa nou bezwen Kore Tifi: Kesyon moun konn poze souvan”* si patisipan yo poko genyen li, epi raple patisipan yo fason kesyon ak repons sa yo kapab itil pou preparasyon yo.
- 19) Rezime sesyon an konsa:
  - a. *“Nou chak kapab genyen bezwen kontinye fè preparasyon ak fè repetisyon antre nou anvan nou prezante Kore Tifi nan klèb tifi, epi pou planifye premye rankont klèb tifi nou yo.”*
  - b. *“Pandan nou ap prezante Kore Tifi, li enpòtan pou nou kontinye tande tifi ak jèn fi yo, fè dyalòg ak yo ki kapab pèmèt yo konprann epi kapab pale sou Kore Tifi tou, lè lòt moun poze kesyon sou klèb yo.”*
- 20) Remèsye patisipan yo pou patisipasyon yo.



# Vyolans seksyèl nan lekòl<sup>6</sup>

(1èdtan 30 minit)

## Objektif

- \* Kreye konfyans ant patisipan yo pou pèmèt bon pataj sou vyolans seksyèl.
- \* Raple tèt nou kisa vyolans seksyèl ye.
- \* Rekonèt siy vyolans seksyèl lè yon timoun ap sibi sa; konnen konsekans vyolans seksyèl sou timoun.

## Preparasyon

- \* Fè lekti epi konprann istwa Marie Claudia, ki nan 2zyèm pati sesyon an.
- \* Ekri 4 fèy papyè, chak genyen youn nan kesyon pi ba yo sou li:
  - a. Poukisa yon timoun ta rete bouch pe sou vyolans seksyèl l ap sibi?*
  - b. Ki siy fizik, emosyonèl ak nan konpòtman yon timoun ki kapab montre si timoun nan ap sibi vyolans seksyèl?*
  - c. Ki konsekans vyolans seksyèl kapab genyen sou yon timoun? Sou fanmi li? Sou lekòl li? Sou kominote a?*
  - d. Kijan nou kapab reponn lè yon timoun vin kote nou pou di nou li te sibi vyolans seksyèl?*

## Egzèsis

### PREMYE PATI - WONN KONFYANS (20 MINIT)

- 1) Divize patisipan yo an gwoup (chak gwoup ta dwe genyen 6-8 moun). Fè chak gwoup kanpe an wonn, tou pre youn lòt, kòt a kòt.
- 2) Fè yon patisipan kanpe nan mitan wonn nan, epi mande l fèmen je l, kwaze bra l. Moun nan ta dwe rete rèd, tankou yon pyebwa, pa fleksib ditou. Jenou li yo ta dwe rete dwat.
- 3) Tout lòt patisipan ki nan wonn nan dwe mete men yo nan pozisyon pou yo pare moun nan mitan wonn nan ki pral tonbe. Asire tout moun pare. Lè tout moun pare, moun nan mitan



wonn nan pral lage kò li pa dèyè pandan l ap kite tèt li panche nèt sou dèyè. Patisipan nan wonn nan ap pare moun nan mitan an, patikilyèman sa ki dèyè do li, pou yo pa kite li tonbe. Y ap pran li nan men yo epi fè li fè tou wonn nan nan men lòt patisipan yo.

- 4) Chanje plas pou chak moun fè eksperyans kanpe nan mitan wonn nan.
- 5) Apre chak moun fè eksperyans kanpe nan mitan, fè lòt moun konfyans, fè yon brase lide sou eksperyans lan. Mande:
  - a. "Kijan nou te santi nou lè nou t ap kanpe nan mitan wonn nan?"
  - b. "Èske nou te fè lòt moun konfyans pou yo kenbe nou san yo pa lage nou?"
  - c. "Kijan nou te santi nou lè nou te nan wonn nan pandan n ap veve epi kenbe moun ki nan mitan an?"
  - d. "Kijan nou te santi nou ap bay moun nan mitan an sipò?"
- 6) Esplike: "Konfyans se yon valè ki enpòtan. Nan sesyon sa a, n ap pale sou vyolans seksyèl. Lè nou pale sou vyolans seksyèl, konfyans enpòtan anpil, pou plizyè rezon. Anndan sesyon an, nou bezwen kapab pataje san laperèz ni lawont. Nou bezwen trete youn lòt ak respè epi tout bagay ap rete konfidansyèl antre nou menm."
- 7) Mande: "Poukisa li enpòtan pou timoun kapab fè pwofesè ak direksyon lekòl yo konfyans, pou yo kapab pale si yo sibi vyolans seksyèl?" (Eseye fè soti: pou yo kapab pale san sa pa pote danje pou yo, pou yo pa pè pale, pou yo kapab jwenn sipò yo bezwen, elatriye.)




## 2ZYÈM PATI – ISTWA MARIE CLAUDIA (40 MINIT)

- 1) Raple patisipan yo tout kalte vyolans ki egziste. Raple yo vyolans seksyèl se youn ladan yo.
- 2) Braselideak gwoup la. Ki kalte zak ki fèt anndan lekòl nou kapab rele vyolans seksyèl sou timoun? Egzanp:
  - a. Kòmantè raz oswa kòmantè ki pa nan plas yo oubyen ki pa apwopriye.
  - b. Tizonnay/ Asèlman seskyèl
  - c. Manyen kò timoun nan
  - d. Manyen pati devan timoun nan oswa tete li
  - e. Grate men elèv la
  - f. Bo moun san konsantman
  - g. Fè bagay ak elèv pou elèv ka jwenn bon nòt oubyen lajan
  - h. Fè bagay oubyen eseye fè bagay ak elèv nan vajen oubyen lòt kote
- 3) Mande si moun genyen temwayaj yo vle pataje sou sa. Li kapab yon bagay ki te rive yon moun yo konnen, men mande yo pa fè pèsonalite. Raple moun règ jwèt la sou konfidansyalite, ak enpòtans sa genyen. Pèmèt moun pran tan pou yo pataje temwayaj.
- 4) Mande: “Lè vyolans seksyèl rive nan yon lekòl, kiyès ki fè zak sa yo?”
- 5) Fè yon lis sou fliptchat ki prezante nan ki fason sa konn rive nan lekòl epi kiyès ki fè zak yo.
- 6) Li istwa pi ba a pou gwoup la tande:

*Marie Claudia te nan 2yèm ane lekòl segondè. Li renmen lekòl anpil e li fè bon nòt. Li genyen anpil zanmi e li renmen pale ak moun. Jeneralman li se yon moun ki gen kè kontan. Yon jou, pwofesè byoloji li, Mèt Gwo Pyè, mande l rete apre klas pou li kapab ede l ak yon leson. Marie Claudia kontan dèske li pral jwenn plis esplikasyon, li tounen lè lekòl la lage pou li wè Mèt Gwo Pyè apre tout lòt elèv yo gen tan ale. Pwofesè a di li: “mwen vreman prese, èske ou pa ta kapab vini lakay mwen pito?”*

*Marie Claudia ale lakay pwofesè a epi li koumanse bay Marie Claudia leson. Marie Claudia kontan ak tout lòt bagay l ap aprann epi li koumanse amelyore tou nan klas la. An apre, Mèt Gwo Pyè di Marie Claudia: “Ou se yon moun ki vreman espesyal pou mwen. Mwen fyè pou jan mwen wè ou koumanse fè bèl nòt nan klas la”. Marie Claudia kontan anpil.*



Mèt Gwo Pyè di Marie Claudia: "Marie Claudia, ou oblije remèsye mwen kounye a". Mèt Gwo Pyè koumanse manyen Marie Claudia; Marie Claudia santi li malalèz anpil. Mèt Gwo Pyè di Marie Claudia: "Mete ou alèz; si ou vle kontinye fè bèl nòt, fòk ou koumanse apresye atansyon espesyal m ap ba ou".

Kèk jou pase, Marie Claudia koumanse fè bagay ak Mèt Gwo Pyè. Marie Claudia pa renmen sa, li pè men li pa konnen sa pou l ta fè. Tout moun konnen li konn ale lakay Mèt Gwo Pyè pou pran leson, li pè sa moun ap di sou li. Mèt Gwo Pyè di l sa se yon sekre antre yo menm, e li ka p ap ka fè bèl nòt ankò si li pale sa. Marie Claudia anvi kontinye fè bèl nòt nan klas la.

Marie Claudia kontinye al wè Mèt Gwo Pyè. Men, nòt li fè nan lòt matyè yo koumanse desann. Li koumanse pa pale ak moun ankò epi menm ak zanmi li yo. Yon fwa, Sylvie, pi bon zanmi Marie Claudia, mande li sa k pase. Marie Claudia di l konsa li anfòm epi se okipe li okipe sèlman ki fè yo pa pale. Sylvie panse sa dwòl paske Marie Claudia te toujou gen tan pou pale ak moun anvan sa.

Manman Marie Claudia koumanse wè Marie Claudia pa jwe ak frè li yo, ak sè li yo ankò, epi li pa pran swen inifòm lekòl li ankò. Souvan, Marie Claudia eseye soti ak yon inifòm sal e lè li eseye korije Marie Claudia, Marie Claudia fache epi soti nan kay la. Yon jou, Marie Claudia pa ale lekòl ditou. Zanmi l yo ap mande poukisa.

Pwofesè Istwa d Ayiti Marie Claudia, Madam Rose, toujou janti avèk Marie Claudia. Depi kèk mwa l ap eseye pale ak Marie Claudia men Marie Claudia pa reponn li. Men Madam Rose kontinye pa vle lage Marie Claudia, epi li kontinye eseye pale ak li. Yon jou, Madam Rose ale kay Marie Claudia pou mande sa k pase, paske li wè Marie Claudia pa vini lekòl ankò. Marie Claudia vreman santi li pou kont li epi li pè. Finalman, li deside di Madam Rose sa k rive l. Li eksplike li vin ansent, epi li pa konnen sa pou l fè. Li eksplike l se Mèt Gwo Pyè ki papa pitit la.


7) Kite patisipan yo reflechi sou istwa a pou kèk ti moman. Poze patisipan yo kesyon sa yo:

- a. "Kijan ou panse Marie Claudia santi li?"
- b. "Kisa Marie Claudia ap konfwonte kounye a? Ki konsekans sa ki rive a genyen sou Marie Claudia?"
- c. "Kiyès ki te genyen pouvwa nan istwa a? Kiyès ki te manke pouvwa?"
- d. "Èske Marie Claudia te fè yon bon chwa lè li te di Madam Rose sa k rive l? Wi, poukisa? Non, poukisa?"
- e. "Si ou te zanmi Marie Claudia, kisa ou ta di l? Si ou te di l sa, kijan Marie Claudia t ap santi li?"
- f. "Si ou te pwofesè Marie Claudia, kisa ou ta fè? Si ou te direktè lekòl la, kisa ou ta fè? Si ou te fè sa, kijan Marie Claudia t ap santi li?"
- g. "Nan ki sans pwofesè genyen pouvwa nan sitiyasyon sa yo?"

### 3ZYÈM PATI - KESYON POU BRASE LIDE (30 MINIT)

- 1) Mete 4 fèy papye fliptchat ki deja prepare devan elèv yo, ak kesyon pi ba yo sou yo:
  - a. *Poukisa yon timoun ta rete bouch pe sou vyolans seksyèl l ap sibi?*
  - b. *Ki siy fizik, emosyonèl ak nan konpòtman yon timoun ki kapab montre si timoun nan ap sibi vyolans seksyèl?*
  - c. *Ki konsekans vyolans seksyèl kapab genyen sou yon timoun? Sou fanmi li? Sou lekòl li? Sou kominote a?*
  - d. *Kijan nou kapab reponn lè yon timoun vin kote nou pou di nou li te sibi vyolans seksyèl?*
- 2) Divize patisipan yo nan 4 gwoup. Fè chak gwoup chwazi yon kesyon. Mande gwoup yo reflechi sou istwa yo fenk tandè a ak lòt temwayaj vyolans seksyèl, epi ekri repons pou kesyon sou fèy la. Bay 15 minit pou yo kapab fè sa.
- 3) Apre 15 minit, mande chak gwoup prezante epi pèmèt lòt moun reyaji sou prezantasyon yo ak fidbak. Men kèk repons kòm egzanzp pou reponn chak kesyon, men eseye fè yo soti nan gwoup la olye ou oblije bay yo, lè sa posib.
  - a. *Kèk fwa, timoun pa kapab pale sou eksperyans vyolans seksyèl. Poukisa yon timoun ta rete bouch pe sou vyolans seksyèl l ap sibi? Men kèk repons:*

- \* li kapab pè moun ki fè zak la pral touye/ blese li oswa fanmi li
- \* menas nan men moun ki fè zak la
- \* li fache
- \* li wont
- \* li santi li koupab
- \* li kapab santi se fòt li
- \* li pè pou yo pa mete l deyò lekòl la



b. *Ki siy fizik, emosyonèl ak nan konpòtman yon timoun ki kapab montre si l ap sibi vyolans seksyèl? Egzanp:*

- \* siy fizik tankou doulè, oubyen devan li ki grate li, IST yo (VIH/SIDA ladan, ak lòt yo), gwosès
- \* siy emosyonèl tankou chanjman konpòtman, rete pou kont li, laperèz ki pa twò fè sans pou lòt moun, depresyon/ tristès, elatriye
- \* siy nan konpòtman li tankou laperèz pou ale kèk kote, move nòt lekòl, koumanse sèvi ak tafya/ dwòg, move relasyon ak zanmi li yo, konesans oswa konpòtman seksyèl ki pa apwopriye ak laj li, move rèv, gwo tristès, fache anpil epi fasil, pè moun touche li, mank konfyans nan lòt moun, chanjman nan ijèn (koumanse benyen twòp oswa koumanse pa benyen)

c. *Ki konsekans vyolans seksyèl kapab genyen sou yon timoun? Sou fanmi li? Sou lekòl li? Sou kominote a? Egzanp:*

- \* kite lekòl
- \* gwosès
- \* VIH/SIDA
- \* IST yo (enfeskyon ou kapab pran nan fè bagay)
- \* pa fè moun konfyans
- \* fè move nòt lekòl
- \* devlope move relasyon ak mennaj/ lòt moun
- \* sèvi ak tafya / dwòg
- \* lekòl kapab pèdi elèv, moun pèdi konfyans nan lekòl la, timoun fè move nòt, lekòl la kapab fèmen
- \* kominote a kapab pèdi yon lekòl, pèdi timoun ki ta ka kontribiye men kounye a yo pa kapab
- \* tout avantaj kominote a te jwenn nan lekòl la li p ap jwenn ankò—moun ki vann manje, kaye, moun ki fè fotokopi—p ap kontinye fè aktivite sa yo




d. *Kijan nou kapab reponn lè timoun vin kote nou pou di nou yo te sibi vyolans seksyèl?*  
Egzanp:

- \* pa tande sèlman sa timoun yo ap di dirèkteman—tande sa yo pa di dirèkteman men yo anvi di ak jès yo oswa sa yo di endirèkteman
- \* pale avèk yo an prive
- \* **pa** di timoun nan se yon sekre ant li menm avèk ou, paske se responsabilite w kòm granmoun pou ou fè kichòy, men alafwa pa di moun ki pa bezwen konnen (moun ki bezwen konnen se moun ki kapab ede nan sitiyasyon an, pa nenpòt moun ki anvi konnen)
- \* aji ak pridans epi konsidere danje ki ka rive timoun nan lè ou deside ki paran oubyen lòt moun ou ap fè patisipe nan konvèsasyon an
- \* di timoun nan ou kwè sa l ap di w
- \* felisite timoun nan dèske li pale avè w—rekonèt sa mande gwo kouraj
- \* di timoun nan se pa fòt li sa te rive
- \* ba li chwa, fè referans lòt moun ak òganizasyon ki kapab akompaye li pou ale nan sant sante, lajistis, elatriye. Pa kite sa tonbe
- \* gade règleman lekòl la, epi swiv pwosesis li sijere, oswa pale ak direksyon lekòl la, oswa lòt moun ki genyen eksperyans nan kesyon an.

4) Fè yon rezime sesyon an:

- a. *“Li enpòtan pou nou kapab fè moun konfyans lè nou pale sou vyolans seksyèl.”*
- b. *“Lè nou pi byen konprann siy ak konsekans vyolans seksyèl, li kapab ede nou pi byen bay timoun ki sibi vyolans sipò.”*

5) Remèsye tout moun pou patisipasyon yo.



# Repons kont Vyolans Seksyèl nan lekòl<sup>6</sup>

(1èdtan 30 minit)

## Objektif

- \* Analize kwayans sou vyolans seksyèl ki pa vre.
- \* Brase lide sou konsekans sa genyen lè nou PA pote repons kont vyolans seksyèl.
- \* Idantifye responsabilite lekòl, pwofesè, pèsònèl sèvis, elèv genyen nan anpeche ak jere ka vyolans seksyèl, nan pote plent pou vyolans seksyèl.


## Preparasyon

- \* Ekri chak nan kesyon pi ba yo sou yon fèy papaye pou travay an gwoup:
  - \* **Gwoup 1:** Ki responsabilite lekòl la genyen pou anpeche vyolans seksyèl e pote repons lè sa rive? Kisa lekòl la ta dwe mete an plas nan sans sa a?
  - \* **Gwoup 2:** Ki responsabilite pwofesè yo genyen pou anpeche vyolans seksyèl e pote repons lè sa rive? Bay egzanp wòl pwofesè yo nan sa.
  - \* **Gwoup 3:** Ki responsabilite elèv yo genyen pou anpeche vyolans seksyèl e pote repons lè sa rive? Bay egzanp wòl elèv yo nan sa.
  - \* **Gwoup 4:** Ki responsabilite pèsònèl sèvis ak paran yo genyen pou anpeche vyolans seksyèl e pote repons lè sa rive? Bay egzanp wòl pèsònèl sèvis ak paran yo nan sa.

## Egzèsis

PREMYE PATI - DAKÒ PA DAKÒ - GADE KWAYANS NOU SOU VYOLANS SEKSYÈL (45 MINIT)

- 1) Esplike: “Nan sesyon sa a, n ap gade kwayans nou yo sou vyolans seksyèl nan lekòl. M ap li yon fraz. Si ou dakò w ap rete chita. Si ou pa dakò, w ap kanpe epi prepare tèt ou pou pale pou ou esplike pozisyon ou. Si ou poko konnen, w ap leve al kanpe yon lòt kote nan sal la.”

- 
- 2) Li premye fraz la, pou tout moun ka tande: *“Vyolans seksyèl toujou genyen fòs fizik ladan li.”* Rete tann moun kanpe, rete chita oswa deplase. Mande yon moun ki kanpe pou esplike poukisa li PA dakò ak fraz la. Mande yon moun ki rete chita poukisa li dakò. Apre 2-3 moun ki PA dakò fin esplike, mande si yon moun ki rete chita oswa yon moun ki deplase vle chanje lide yo? Si non, mande lòt patisipan yo pale pou konvenk moun ki toujou poko konnen.
- 3) Lè ou santi genyen ase deba ki fèt, repete pwosesis la ak lòt fraz pi ba yo. Li chak fraz, epi mande: *“Èske nou dakò oswa nou pa dakò? Si nou dakò, ret chita. Si nou pa dakò, kanpe. Si nou poko konnen, deplase kanpe devan.”*

- \* Gen lè timoun pa di w si yon move bagay rive yo.
- \* Ti gason konn sibi vyolans seksyèl.
- \* Moun ki fè abi seksyèl pa fòseman fou oswa sou.
- \* Tizonnay sou fè bagay oswa kòmantè sou sèks se vyolans seksyèl.
- \* Pifò moun ki fè zak vyolans seksyèl se moun viktim yo pa konnen.
- \* Vyolans seksyèl rive nan lòt lekòl yo sèlman—nou pa genyen pwoblèm sa a nan lekòl pa nou an.
- \* Fi ki mete ti bout jip atire vyolans sou yo.
- \* Timoun bay manti sou vyolans seksyèl pou yo kapab jwenn atansyon lòt moun.
- \* Li pa make sou figi moun si yo te sibi vyolans seksyèl—ou pa ka wè sa fasil.
- \* Si yon fi pa di “non” sa vle di li vle fè bagay.
- \* Pawòl pou kont yo pa kalifye kòm abi seksyèl.

## 2ZYÈM PATI - È LEKÒL NOU AN? (45 MINIT)

- 1) Fè yon brase lide ak kesyon pi ba yo. Objektif brase lide a se pou ede patisipan yo wè vyolans seksyèl egziste toupatou. Se pa annik di sa pa rive nan lekòl ou paske elèv gen lè pa pale sou sa. Si gen bezwen, raple patisipan yo vyolans seksyèl genyen ladan tizonnay, atansyon seksyèl, elatriye.
- \* Dapre nou menm èske vyolans seksyèl se yon pwoblèm lekòl nou an ta dwe fè yon bagay kont li?



- \* Èske vyolans seksyèl konn rive nan lekòl nou an?
  - \* Èske pwofesè yo ap konnen si vyolans seksyèl rive?
- 2) Divize patisipan yo nan 4 gwoup. Bay chak gwoup papye fliptchat pa li ak youn nan kesyon pi ba yo pou li reponn. Ba yo 10 minit pou yo travay, epi esplike y ap genyen 3-5 minit pou yo prezante.
- \* **Gwoup 1:** Ki responsabilite lekòl genyen pou anpeche vyolans seksyèl e pote repons lè sa rive? Kisa lekòl ta dwe mete an plas nan sans sa a? (Nòt: Asire repons sa yo soti: plis fòmasyon pou pèsonèl lekòl, sistèm referans, kòd kondwit ak sanksyon si yo pa respekte l)
  - \* **Gwoup 2:** Ki responsabilite pwofesè yo genyen pou anpeche vyolans seksyèl e pote repons lè sa rive? Bay egzanp wòl pwofesè yo nan sa.
  - \* **Gwoup 3:** Ki responsabilite elèv yo genyen pou anpeche vyolans seksyèl e pote repons lè sa rive? Bay egzanp wòl elèv yo nan sa.
  - \* **Gwoup 4:** Ki responsabilite pèsonèl sèvis ak paran yo genyen pou anpeche vyolans seksyèl e pote repons lè sa rive? Bay egzanp wòl pèsonèl sèvis ak paran yo nan sa a?
- 3) Apre 10-15 minit, mande gwoup yo prezante lide pa yo, epi pèmèt lòt moun yo fè kòmantè/ sijere lòt lide apre chak.

*Nòt pou fasilite: Fè atansyon, pa kite blam viktim pase san kòmantè. Pa egzanp nan 3zyèm gwoup la, gen patisipan ki kapab panse timoun yo konn pwovoke vyolans seksyèl paske yo ofri kò yo bay pwofesè yo. Raple moun ou pa ka jistifye kontak seksyèl ak yon moun ki poko majè, epi vyolans seksyèl pa janm fòt moun ki genyen mwens pouvwa nan sitiyasyon an.*

- 4) Remèsye patisipan yo pou tout lide yo. Esplike genyen pwen fokal nan lekòl la epi y ap kòmanse travay ak direksyon lekòl la pou fè yon bouyon kòd kondwit ak sistèm referans kont vyolans seksyèl.
- 5) Rezime sesyon an:
- a. "Vyolans seksyèl kapab rive nenpòt elèv e anpil fwa se yon moun yo konnen ki fè zak la."
  - b. "Si yon lekòl pa fè anyen pou anpeche vyolans seksyèl e pote repons lè sa rive, li posib ap genyen elèv ki kite lekòl la, sa kapab menm ankouraje lòt moun fè zak kont elèv yo paske yo wè pa genyen rann kont, epi yo kapab kwè se yon bagay ki nòmal."
  - c. "Nou tout genyen yon wòl pou jwe nan anpeche ak reponn vyolans seksyèl anndan lekòl nou an."

# Kreye yon sistèm referans nan lekòl la

(1nèdtan)

## Objektif

- \* Patisipan yo genyen yon sistèm referans nan lekòl pou si yon ka vyolans sou fanm ak tifi rive.
- \* Patisipan yo kapab bay bon jan referans pou moun ki sibi zak vyolans.
- \* Patisipan yo genyen yon sistèm pou yo fè mizajou sou lis referans lan.

## Preparasyon

- \* Byen anvan fòmasyon an, kreye yon bouyon lis referans epi aprann kèk enfòmasyon sou chak sèvis ki sou lis la. Fòmilè pou ou ranpli a nan fen sesyon an apre tout etap nan egzèsis la.


*NB: Lis la ta dwe genyen, omwens: ransèyman sou biwo pwoteksyon timoun, òganizasyon fanm ki akompanye moun ki sibi zak vyolans, biwo lokal Ministè Kondisyon Fanm, kontak pou sant sante kote fi dwe ale pou jwenn tretman 72è (menm si se pa nan menm zòn nan), biwo lapolis ki trete ka vyolans sou fanm ak tifi, elatriye. Si pa gen anpil sèvis fòmèl disponib nan zòn nan, mete enfòmasyon sou lidè legliz oswa moun ki gen fòmasyon sou vyolans sou fanm ak tifi, e ki konn resevwa moun ki sibi zak vyolans byen. Kole li sou yon tablo, epi asire ou kite kèk espas pou yo ajoute lòt enstitisyon.*

- \* Kole yon papyè fliptchat sou yon mi ak mo “Valiz pa bliye” si pa genyen l deja nan fòmasyon an.
- \* Prepare fliptchat, makè ak tep.

## Egzèsis


- 1) Mande: “Imajine w yon timoun vin kote w epi di w li sibi yon kadejak oswa yon lòt kalte vyolans. Ki bezwen timoun sa a genyen?”
- 2) Ekri repons yo sou fliptchat, epi asire repons sa yo reprezante: sipò moral, swen sante, jistis, angajman fanmi li.



- 
- 3) Mande: *“Èske l ap posib pou ou ba li tout sa li bezwen pou kont ou?”*
  - 4) Mete yon tit nan tèt gwo fèy papyè a: *“Poukisa moun bezwen referans?”*
  - 5) Mande: *“Poukisa li enpòtan pou nou konnen moun ak kote nan kominote a, pou nou kapab refere timoun ki sibi vyolans seksyèl oswa lòt kalte vyolans ansanm ak paran yo?”*
    - a. *Make repons patisipan yo sou gwo fèy papyè a.*
    - b. *Eseye fè soti: Bon jan referans ede fi ki sibi vyolans anpil. Sèvis sa yo kapab ede fi yo soti nan sityasyon vyolans, epi sa ka menm ap sove lavi yo!*
  - 6) Esplike: *“Kounye a, n ap pale sou ki kote nou kapab ede yon timoun ki sibi yon zak vyolans ale pou jwenn sa li bezwen. Sonje li enpòtan pou youn nan moun ki responsab timoun nan e timoun nan fè konfyans enplike nan konvèsasyon an.”*
  - 7) Mande: *“Ak kiyès nou ka refere timoun nan ak fanmi li pou yo jwenn sa yo bezwen?”*
  - 8) Tande kèk ti repons, epi ba yo bouyon lis referans ou te kreye pou zòn nan. Bay patisipan yo yon ti chans pou yo gade l.
  - 9) Fè yon ti pale sou chak òganizasyon ou mete sou lis la. Esplike sa ou konnen de sèvis yo, epi raple yo ankò kijan sèvis sa yo ka ede moun ki sibi zak la ak fanmi li.
  - 10) Mande: *“Èske moun genyen kesyon sou sa nou sòt di yo?”*
- NB: Si gen kesyon ou pa gen repons pou yo, mete yon fliptchat “Valiz pa bliye” ak kesyon sa yo, epi swiv sa apre ak lekòl la pou yo ka jwenn repons yo.*
- 11) Mande: *“Èske genyen lòt enstans oswa moun ki ta dwe sou lis referans lan?”*
  - 12) Ekri sa yo ajoute sou fliptchat pou moun ka kopye l sou fèy pa yo.
  - 13) Mande: *“Si nou wè enfòmasyon sa yo itil, èske nou ta dwe mete yo yon kote nan lekòl la pou tout manm pèsonèl la ka jwenn yo lè gen bezwen? Ki kote n ap mete yo? Kiyès ki kapab asire si gen chanjman nan adrès ak nimewo telefòn yo elatriye, chak 2-3 mwa? Èske sa se yon bagay ki ta dwe parèt nan pwèn daksyon ki soti nan fòmasyon an pou lekòl la?”*

*NB: Si yo di wi, mete l nan “Valiz pa bliye”.*

- 14) Esplike: “Si yon tifi nan lekòl segondè ki genyen 14 lane vin kote nou pou di nou genyen yon gason bò lakay li ki fè kadejak sou li, ki devwa yon manm pèsònèl lekòl genyen pou fè swivi sou sa?” (Eseye fè soti: Kite direksyon lekòl ak patisipan pale sou sa. Asire yo mete aksan sou fason pou nou pale ak paran oubyen lòt granmoun fi a fè konfyans, epi ki pa prezante lòt danje pou li. Pèmèt patisipan fè deba pandan 5-10 minit, epi si sa poko rezoud, mete l nan “Valiz pa bliye” pou asire li parèt nan plan daksyon.)
- 15) Mande: “Kounye a n ap tounen sou menm sèn kote tifi 14 lane a te sibi yon kadejak epi li vin kote nenpòt nan nou. Kiyès ki kapab bay yon egzanp kijan li ta reponn tifi a epi kote li ta ede l ale anvan, epi apre?” (Eseye fè soti: 1, 2, 3, 4 pwosesis pou yo swiv dapre lis referans lan, tankou 1. Yo bezwen pale ak yon pwèn fokal nan direksyon lekòl la, 2. Entegre paran oubyen lòt moun nan fanmi/antouraj tifi a li fè konfyans nan dyalòg la, 3. Si se anvan 72èdtan pase, ale nan sant sante touswit, oubyen ale nan òganizasyon fanm pou yo akonpanye l, elatriye. Asire w, epi esplike si gen bezwen, distenksyon ant si timoun nan vini anvan 72èdtan oubyen apre.)
- 16) Raple gwoup la sou prensip yo te aprann nan sesyon *SASA* Kapasite Kominikasyon (ouvri pa fèmèn, elatriye).
- 17) **Si gen tan**, fè similasyon. (NB: Si lè a deja avanse, ou kapab sote etap la paske ap gen similasyon nan lòt sesyon.)
- 18) Mande: “Kijan nou kapab esplike enpòtans lis referans pou paran elèv konprann li?” (Pran 1-2 repons).
- 19) Bay lòt patisipan yo chans pou bay fidbak sou sa yo sòt tande/ wè. Bay fidbak pa w tou, epi asire moun nan 1. respekte prensip yo te aprann nan sesyon *SASA* Kapasite Kominikasyon (ouvri pa fèmèn, elatriye) epi 2. ba li bon jan referans.
- 20) Remèsye tout patisipan yo, epi asire yo y ap gen plis chans fè je de wòl sou sa nan sesyon “Kijan pou nou aji si nou wè oswa sispèk yon zak vyolans”.



FOTOKOPI

## Lis Referans

NB: toujou fè miz a jou chak mwa oswa chak 2 mwa, pou kenbe enfòmasyon yo ajou

Dat

ENSTITISYON / ÒGANIZASYON	KI SÈVIS YO OFRI	ADRÈS PRESI (si se yon gwo enstitisyon, ki kote anndan l)	MOUN POU KONTAKTE	KI LÈ YO TRAVAY	PRI SÈVIS YO	NIMÈWO TELEFON



Si w bezwen plis ransyman, kontakte nou :

Repanse Pouwwa (509) 3617 1815 • [annanpechevyolans@gmail.com](mailto:annanpechevyolans@gmail.com) • [repansepouwwa.org](http://repansepouwwa.org) • [Beyond Borders](http://www.beyondborders.net) • [www.beyondborders.net](http://www.beyondborders.net) •

Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouwwa ak atis Chevelin Pierre

# Kijan pou nou aji si nou wè oswa sispèk yon zak vyolans

(1èdtan 30 minit)

## Objektif

- \* Patisipan yo pratike fason yo kapab byen sèvi ak pouvwa yo nan bon sans, si yo wè oswa sispèk yon zak vyolans.

## Preparasyon

- \* Fè yon (1) fotokopi 4 sèn pou gwoup yo fè similasyon. N ap jwenn yo nan fen sesyon an, apre "Egzèsis". Koupe yo pou chak gwoup jwenn yon sèn.
- \* Ekri sou yon fliptchat:

### "Kesyon sou similasyon":

- Èske manm pèsònèl lekòl la te byen sèvi ak pouvwa li pou reponn ak sitiyasyon an? Si wi, poukisa? Si non, poukisa?*
- Èske manm pèsònèl lekòl la te byen entegre paran, direksyon lekòl, oubyen lòt moun ki sou lis referans lan, pou ede jere pwoblèm nan? Èske moun ki te sibi zak la te jwenn sipò li te bezwen?*
- Pwochèn fwa, kisa ou ta konseye manm pèsònèl lekòl la pou l fè?*

## Egzèsis

- 1) Esplike: "Nou gen tan wè genyen plizyè enstans kote nou kapab refere yon moun ki sibi vyolans. Kounye a nou pral gade pouvwa nou kòm moun ki wè oswa sispèk yon zak vyolans, oubyen ki jwenn esplikasyon sou zak la, epi fè similasyon sou fason pou nou aji antanke manm pèsònèl lekòl!"
- 2) Mande: "Si nou asiste oswa tande yon zak vyolans, oubyen si yon moun vin esplike nou sa li te viv, ki pouvwa nou genyen nan moman sa a?"



- 3) Ekri repons yo sou fliptchat, tankou: nou kapab pale, rele lapolis oswa lòt moun pou vin ede kanpe vyolans lan, nou kapab bay bon jan referans pou moun nan jwenn sipò, elatriye.
- 4) Esplike:
  - a. *"Li enpòtan anpil pou yon manm pèsònèl lekòl di kichòy, paske si li pa fè sa, moun ki fè vyolans lan ak moun ki sibi zak la kapab panse manm pèsònèl la dakò ak sa k fèt la. Men tou, li enpòtan anpil pou manm pèsònèl lekòl la entèveni yon fason ki pa mete l an danje, men yon fason ki bese oswa kanpe vyolans lan, san li pa agrave l!"*
  - b. *"Nan fason nou aji, nou kapab mete moun ki te sibi zak la nan plis danje tou. Pa egzanp, si se yon paran k ap fè vyolans seksyèl sou yon timoun, epi nou al di paran an timoun nan te di nou sa, sa kapab mete timoun nan pi an danje. Oubyen si nou fè kichòy ki fè tout moun konnen sa k te pase, epi elèv la sibi lòt zak nan men lòt moun, li kapab santi li viktim ankò."*
  - c. *"Poutèt sa, li enpòtan pou nou deja konnen epi fè pratik sou pi bon fason n ap entegre paran ak direksyon lekòl nan koze a, pou nou vreman bay bon jan sipò olye nou fè dega."*
  - d. *"Nou konnen chak nan nou genyen sajès sou fason sa ka fèt. N ap divize an 4 gwoup, epi chak gwoup ap jwenn yon sèn pou yo prezante yon similasyon sou fason yo kapab sèvi ak pouvwa yo si yon elèv oubyen yon lòt moun vin di nou li sibi yon zak vyolans, oubyen si nou wè oswa sispèk yon zak vyolans."*
- 5) Divize patisipan yo an 4 gwoup.
- 6) Esplike: *"Chak gwoup pral resevwa yon sèn ki ta ka rive nan lekòl la. N ap kreye yon ti similasyon ki dire 5 minit sèlman pou prezante devan tout gwoup la. Similasyon sa a pral montre fason nou menm antanke manm pèsònèl lekòl ta aji si sèn nan te rive nan lekòl la. Nou genyen 15 minit sèlman pou nou prepare. Nou ta renmen tout moun parèt nan sèn nan. Ankò, se 15 minit pou prepare ak 5 minit pou prezante."*
- 7) Bay chak gwoup sèn pa yo, asire tout kesyon reponn, pa gen pwoblèm epi fè tout gwoup kòmanse travay.
- 8) Apre 15 minit, rele gwoup yo.
- 9) Esplike: *"Apre tout gwoup fin prezante, nou pral gade ansanm Kesyon sou similasyon. Pandan n ap gade sèn lòt gwoup yo, reflechi sou kesyon sa yo. Kesyon yo se:*
  - a. *Èske manm pèsònèl lekòl la te byen sèvi ak pouvwa li pou reponn ak sitiyasyon an? Si wi, poukisa? Si non, poukisa?*




b. Èske manm pèsònèl lekòl la te byen entegre paran, direksyon lekòl, oubyen lòt moun sou lis referans lan, pou ede jere pwoblèm nan? Èske moun ki te sibi zak la te jwenn sipò li te bezwen?

c. Pwochèn fwa, kisa ou ta konseye manm pèsònèl lekòl la pou l fè?

10) Fè tout moun wè kesyon yo epi li yo ansanm.

11) Fè chak gwoup prezante epi fè brase lide nan tan ki rete sou kesyon yo.

12) Remèsye patisipan yo.



# 4 Sèn pou Gwoup yo Fè Similasyon

## SÈN 1: RELASYON PWOSESÈ AK ELÈV

Ou vin okouran yon pwofesè ap fè bagay ak yon elèv. Ou panse sitiyasyon sa yo rive souvan. Ou pa twò vle mete men w, men ou santi ou oblije paske ou wè lavi elèv la ka detwi. Fè yon similasyon ki dire 5 minit pou montre fason ou ta bay sipò w epi mande sipò lòt moun (paran, direksyon lekòl, oubyen moun ki sou lis referans) nan sitiyasyon sa a.

## SÈN 2: ASÈLMAN SEKSYÈL

Ou wè kèk elèv gason k ap fè blag sou kò fi. Y ap pale de tete ak règ fi, epi ou wè yon jèn fi malalèz akòz sa. Fè yon similasyon ki dire 5 minit pou montre fason ou ta bay sipò w epi mande sipò lòt moun nan sitiyasyon sa a. Asire elèv fi a jwenn sipò.

## SÈN 3: VYOLANS SEKSYÈL

Aprè yon aktivite lekòl la fè sou vyolans, yon elèv fi vin kote w epi mande si li ka pale avè w. Li di w gen yon moun bò lakay li ki fè kadejak sou li avan yè. Ou wè li vreman boulvèse. Fè yon similasyon ki dire 5 minit pou montre fason ou ta bay sipò w epi mande sipò lòt moun (paran, direksyon lekòl, oubyen moun ki sou lis referans) nan sitiyasyon sa a. NB: Pa bliye sa ki bezwen fèt anvan 72zèdtan pase.

## SÈN 4: DEZEKILIB POUVWA FI AK GASON NAN LEKÒL LA

Souvan ou wè yon lòt manm pèsònèl lekòl la ap trete fi ak gason jan ki diferan. Li konn di fi nan lekòl la yo tou sòt, epi se sèl kò yo ki ka sèvi yo. Li konn bay gason plis opòtinite pou patisipe epi montre lidèchip yo. Fè yon similasyon ki dire 5 minit pou montre fason ou ta lanse deba sou sa ak lòt moun.

# Èske lekòl nou an pare pou lanse deba sou vyolans sou fanm ak tifi?

(1èdtan)

## Objektif

- \* Pwofesè yo konnen kisa k fè yon lekòl pare pou li lanse deba sou vyolans sou fanm ak tifi (dapre metodoloji *Kore Tifi*).
- \* Pwofesè yo analize reyalyte lekòl pa yo pou detèmine ki etap pou yo swiv pou rive angaje tout aktè lekòl la nan refleksyon ak deba sou vyolans sou fanm ak tifi.

## Preparasyon

- \* Fè fotokopi kesyonè "Èske lekòl nou an pare pou lanse deba sou vyolans sou fanm ak tifi?" pou chak patisipan.
- \* Ekri chak tèm sa yo nan tèt yon papyè fliptchat:
  - \* Genyen pwofesè, manm direksyon lekòl ak lòt pèsonèl ki byen fòme sou kesyon vyolans sou tifi ak fanm.
  - \* Genyen yon bon sistèm referans ak òganizasyon ki fè akompayman sivivan (moun ki viktim / ki sibi zak vyolans).
  - \* Genyen sistèm nan lekòl la ki trete ka abi si sa rive pami aktè ki pi prezan nan lekòl la (manm pèsonèl, elèv...).

## Egzèsis

- 1) Mande: "*Aprè tout lòt sesyon yo, li klè pou nou vyolans sou tifi ak sou fanm se tèm ki sansib. Men, ki enpòtans nou wè ki genyen pou nou trete tèm sa yo nan lekòl nou yo?*"

2) Esplike:

- a. *"Si nou dakò li genyen enpòtans, men li sansib anpil poutèt tout dega vyolans sou tifi ka fè nan lavi yon timoun ki sibi li, fòk lekòl nou yo byen prepare pou nou aji si gen vyolans ki rive."*
- b. *"Si nou lanse deba sou vyolans sou tifi ak fanm ak elèv nou yo, men nou poko pare pou kesyon y ap poze, oubyen nou poko pare pou pote repons ki apwopriye si yon elèv sibi yon zak vyolans, nou ka fè dega."*
- c. *"Nou genyen yon ti kesyonè ki ede nou reflechi sou pwòp lekòl pa nou pou wè si nou prepare pou lanse deba a. Pa enkyete nou si nou wè lekòl nou an poko pare. Li bon pou nou konnen sa ki bezwen fèt anvan pou nou kapab byen pale ak elèv nou yo."*
- d. *"Kesyonè sa a se pou ou. Ou pa oblije pataje l avèk nou. Donk ou kapab onèt nèt lè ou ap ranpli li."*

3) Distribiye kesyonè "Èske lekòl nou an pare pou lanse deba sou vyolans sou fanm ak tifi?"

4) Bay pwofesè yo 5 minit pou yo ka ranpli li.


5) Lè ou wè pifò moun fini, oubyen apre 5-10 minit, mande gwoup la:

- a. *"Kouman nou te santi nou pandan nou t ap ranpli kesyonè a?"*
- b. *"Èske youn nan kesyon yo oubyen youn nan repons nou te bay yo te fè nou sezi?"*
- c. *"Kisa ki fè nou santi lekòl nou yo pare pou lanse deba sou vyolans sou tifi ak fanm?"*
- d. *"Nan ki sans nou santi lekòl nou yo poko pare—e nou bezwen fè kèk planifikasyon anvan nou ka lanse kalite deba sa a ak elèv nou yo?"*

6) Esplike: "Kounye a, n ap divize nan 3 gwoup pou pale sou rezon ki fè kèk bagay ki site nan kesyonè a bezwen an plas anvan nou lanse deba a ak elèv nou yo. Chak gwoup ap reponn kesyon "Poukisa tèm nou an enpòtan pou lekòl la ka kòmanse anpeche vyolans sou fanm ak tifi?"

7) Divize an 3 gwoup. Bay chak youn nan tèm ki sou fliptchat la ak yon makè. Asire chak gwoup komprann kesyon pa li:

- a. *Premye gwoup la ap pale sou enpòtans pou lekòl la: Genyen pwofesè, manm direksyon lekòl ak lòt pèsònèl ki byen fòme sou kesyon vyolans sou tifi ak fanm.*
- b. *Dezyèm gwoup la ap pale sou enpòtans pou lekòl la: Genyen yon bon sistèm referans ak òganizasyon ki fè akompayman sivivan (moun ki viktim / ki sibi zak vyolans).*



- c. *Twazyèm gwoup la ap pale sou enpòtans pou lekòl la: Genyen sistèm ki trete ka abi si sa rive pami aktè ki pi prezan nan lekòl la (manm pèsone, elèv ...).*
- 8) Bay gwoup yo 10 minit pou brase lide epi 3 minit pou prezante sa yo te jwenn.
- 9) Apre tout gwoup yo fin prezante, di mèsè epi mande si lòt gwoup yo genyen kòmantè.
- 10) Fè yon ti rezime sa gwoup yo te di. Eseye kapte pwen pi ba yo:
- a. *"Li klè e li enpòtan pou tout moun ki travay nan yon lekòl byen fòme sou kesyon vyolans sou tifi ak fanm paske gen anpil elèv ki viktim, ki pa ka aprann byen nan lekòl la, oubyen menm ki kite lekòl la poutèt sa. Li enpòtan pou pwofesè yo byen fòme paske lekòl se yon gwo enstitisyon kote moun konprann kijan yo ka aji nan sosyete a. Si yo pa genyen bon egzanp nan lekòl, li ka difisil pou konstwi yon sosyete an sante pi devan."*
- b. *"Li enpòtan tou pou lekòl yo genyen bon sistèm referans ak òganizasyon ki akompanye viktim/ sivivan yo paske se yon pwoblèm konplike ki genyen anpil enpak sikolojik ak fizik ni sou moun ki sibi zak la ni sou fanmi yo—fòk moun ki la pou sa ka ede yo. Vyolans sou fanm ak tifi kont lalwa tou e fòk nou pa rete bouch pe lè nou wè oubyen aprann sa fèt."*
- c. *"Finalman, li telman enpòtan pou genyen yon sistèm anplas pou trete ka abi si sa fèt nan lekòl la, paske tout moun ki travay nan yon lekòl genyen yon pozisyon pouvwa. Si yo mal sèvi ak pouvwa yo, sa ka fè anpil dega, ni sou timoun ki viktim zak vyolans, ni sou fanmi li, ni sou konfyans tout kominote a genyen nan lekòl la."*
- 11) Esplike: *"Nan mwa k ap vini yo, nou vle asire lekòl la byen prepare pou l lanse yon kourikoulòm ak lòt aktivite avèk elèv yo. Sa vle di, nou poko ap lanse deba a nan lekòl ak elèv yo dirèkteman, men n ap travay antre nou menm, ak pwòp tèt pa nou dabò, pou nou kapab byen prepare pou lanse deba ak elèv yo nan lane eskolè k ap vini an, oubyen tou kou nou fin fè mizanplas ki apwopriye pou sa."*
- 12) Remèsye gwoup la pou patisipasyon pa yo.



# Èske lekòl nou an pare pou lanse deba sou vyolans sou fanm ak tifi?

## 1. Genyen pwofesè, manm direksyon lekòl ak lòt pèsònèl byen fòme sou vyolans sou fanm ak tifi


- \* Èske pèsònèl lekòl la deja pran fòmasyon espesyal sou vyolans sou tifi ak fanm ki pèmèt yo byen konprann pwoblèm nan? Wi \_\_\_\_\_ Non \_\_\_\_\_
- \* Èske pèsònèl lekòl la deja sansibilize sou kesyon an (yo pa blame viktim / sivivan)?  
Wi \_\_\_\_\_ Non \_\_\_\_\_
- \* Èske pèsònèl la deja reflechi sou pwòp vi pa yo ak pwòp kwayans pa yo sou kesyon an?  
Wi \_\_\_\_\_ Non \_\_\_\_\_
- \* Èske pèsònèl lekòl la genyen bon jan enfòmasyon pou pataje ak elèv yo oubyen lòt pwofesè yo si yo genyen yon pwoblèm? Wi \_\_\_\_\_ Non \_\_\_\_\_

## 2. Sistèm referans

- \* Èske pèsònèl lekòl la konnen sa pou yo di yon elèv ki di l ap sibi vyolans sou tifi?  
Wi \_\_\_\_\_ Non \_\_\_\_\_
- \* Èske pèsònèl lekòl la konnen sa pou yo di / sa pou yo PA di pou pèmèt elèv la jwenn bon jan sipò ? Wi \_\_\_\_\_ Non \_\_\_\_\_
- \* Èske pèsònèl lekòl la konn bay elèv la ak paran li (paran ki p ap fè abi sou li) enfòmasyon sou lòt òganizasyon oubyen moun yo ka wè pou jwenn sipò emosyonèl, swen sante, pou pote plent, elatriye, si yo vle?) Wi \_\_\_\_\_ Non \_\_\_\_\_

## 3. Sistèm pou si genyen abi nan lekòl la

- \* Èske lekòl pa w la genyen yon sistèm ki okipe zafè abi manm pèsònèl lekòl la ka fè sou yon elèv (vyolans seksyèl, pa egzans)? Wi \_\_\_\_\_ Non \_\_\_\_\_
- \* Èske elèv yo konnen kiyès yo ka di si yo sibi abi nan men nenpòt manm pèsònèl nan lekòl la, oubyen yon lòt elèv? Wi \_\_\_\_\_ Non \_\_\_\_\_



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

Repanse Pouvwa (509) 3617 1815 • [annanpechevyolans@gmail.com](mailto:annanpechevyolans@gmail.com) • [repansepouvwa.org](http://repansepouvwa.org) • Beyond Borders • [www.beyondborders.net](http://www.beyondborders.net) •

Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouvwa ak atis Chevelin Pierre

# Kominikasyon pou Pledwaye (2zèdtan)

## Objektif

- \* Patisipan yo demontre bon kapasite kominikasyon ki pou pèmèt yo atenn yon objektif pledwaye.
- \* Patisipan yo kapab ekri pwen kle pou prepare yon rankont pledwaye.
- \* Patisipan yo kapab esplike ki lè ak nan ki kondisyon grèv kapab yon mwayen kominikasyon efikas nan pledwaye.

## Preparasyon

- \* Prepare flipchat ki pote tit: "Travay an gwoup:"
- \* Prepare tèt ou pou ou fè yon prezantasyon k ap dire 3 minit devan moun ki sou lis ou a, kote ou ap di
  - \* Kiyès nou ye
  - \* Kisa nou vle
  - \* Poukisa desizyon sa a enpòtan (pale sou avantaj pa moun ki sou lis la ak avantaj tout moun, si yo pran desizyon an)
  - \* Mande yo sa yo panse fè pou pèmèt chanjman an fèt
- \* Ekri fraz sa yo sou ti moso papye, epi mete ti moso papye yo nan yon sache pou chak gwoup chawzi youn:
  - \* Moun nan prese, e li okipe anpil, men li di se sèl chans li genyen nan mwa sa a pou li wè avèk ou.
  - \* Moun nan ap pase w nan betiz. Li pa pran sa w ap di a oserye.
  - \* Moun nan pale anpil sou yon lòt sijè pou li pa kite w pale ase e pou ou pa rive sou sijè pa w la fasil. An menm tan li gen yon lòt rankont k ap tann li e li pa ka rete plis tan avè w.

# Egzèsis

- 1) Esplike: *"Nan sesyon sa a, n ap pratike fason efikas pou nou kominike lè nou genyen yon bagay nou vle fè pase nan kominote a, lè nou genyen yon bagay nou vle ki rive fèt. Nou rele sa 'kominikasyon pou pledwaye.'"*
- 2) Ekri mo "Pledwaye" sou yon papye fliptchat.
- 3) Mande: *"Kisa 'pledwaye' vle di?"*
- 4) Ekri repons moun yo anba mo "Pledwaye" a, epi poze plis kesyon si nesèsè pou ou eseye soti ak yon lide ki sanble ak sa a: "Pledwaye se yon pwosesis ki pèmèt aktivis mete pouwva yo ansanm pou chanje yon sistèm, yon lwa oubyen yon règleman. Pledwaye ale pi lwen pase chanje konpòtman yon grenn moun, travay pledwaye fèt pou pote chanjman nan enstitisyon onivo lokal, rejyonal ak nasyonal."
- 5) Mande: *"Bay yon egzanp ki se yon objektif pledwaye sou zafè vyolans sou fanm ak tifi—yon bagay nou ta renmen fè pase pou chanje reyalite a?"*
- 6) Fè yon gwo lis sou tout sa patisipan yo di. Fè lis la nan pati goch fliptchat la, yon fason pou ou kapab genyen espas pou ou ekri bò kote lis la annapre.


Pa egzanp:

- \* Ranfòse lalwa nasyonal kont vyolans seksyèl
  - \* Kreye yon lwa kont vyolans konjigal
  - \* Kreye yon kòd kondwit nan yon lekòl
  - \* Kreye klèb tifi oubyen espas kote tifi yo santi yo alèz e yo pa an danje ni nan lokal legliz, nan lekòl oubyen nan katye yo
  - \* Asire yon sant sante lokal bay sètifika medikal gratis
  - \* Mande yon azèk/kazèk sispann blame sivivan yo lè yo vini kote l, epi ede sivivan yo pou dosye yo avanse
  - \* Elatriye
- 7) Si genyen kèk bagay patisipan yo di ki poko sanble objektif pledwaye, ede gwoup la reflechi sou yo epi refòmile yo. Asire genyen ase objektif onivo lokal—pa sèlman onivo nasyonal ak entènasyonal.

- 8) Mande: *"Lè nou gade lis sa a, poukisa, dapre nou menm, pledwaye se yon gwo estrateji enpòtan pou nou kapab anpeche vyolans sou fanm ak tifi?"*
- 9) Tande patisipan yo. Eseye fè soti:
- Pledwaye mennen chanjman fòmèl, ki chita nan estrikti, sa vle di yo chanje fason yon enstitisyon oubyen yon gwoup fonksyone.
  - Konsa, pratik sa a ap kontinye nan enstitisyon an menm si lidè ki te vreman ap pouse lide a pa la ankò.
  - Pledwaye koresponn ak Etap Chanjman "kenbe chanjman an". Sa vle di, li pèmèt yon gwoup moun kontinye fè chanjman pozitif yo te decide fè.
- 10) Mande: *"Lè nou gade lis objektif pledwaye nou te fè a, ki moun ki genyen pouvwa oubyen enstans piblik nou ta renmen enfliyanse pou fè chak objektif reyalize?"*
- 11) Ekri repons patisipan yo bò kote chak objektif pledwaye yo.

Pa egzanp:

- \* Ranfòse lalwa nasyonal sou zafè vyolans seksyèl—palman, prezidan
  - \* Kreye yon lwa kont vyolans konjigal—palman, prezidan
  - \* Kreye yon kòd kondwit nan yon lekòl—direksyon lekòl
  - \* Kreye klèb tifi oubyen espas kote tifi yo santi yo alèz e yo pa an danje nan lokal yon legliz, nan lekòl oubyen nan katye yo—lidè legliz, direksyon lekòl oubyen lidè kominotè
  - \* Asire yon sant sante lokal bay sètifika medikal gratis—Direktè sant la, doktè yo
  - \* Mande yon azèk/kazèk sispann blame sivivan yo lè yo vin kote l, epi ede sivivan yo avanse dosye yo—Azèk/Kazèk
  - \* Elatriye.
- 12) Divize patisipan yo an 4 gwoup, mande chak moun chita ak gwoup pa li, epi bay chak gwoup yon papyè fliptchat ak yon makè. Mande yo pou yo pa deplase jiskaske ou esplike yo sa pou yo fè.



13) Bay gwo gwoup la esplikasyon sa yo: "Chak gwoup ap chwazi yon objektif pledwaye. Eseye chwazi sa nou panse ki pi reyalis pou nou reyisi ladan l. Nou kapab vin ekri non gwoup la bò kote yon objektif. Jeneralman, li pi efikas pou genyen yon sèl objektif pledwaye alafwa, men pou pratik la, chak gwoup ap chwazi yon objektif diferan."

14) Rete tann chak gwoup chwazi yon objektif pledwaye diferan.

15) Esplike: "Kounye a, chak gwoup pral chita apa, epi n ap reponn kèk kesyon pou nou prepare yon ti prezantasyon k ap dire 3 minit oubyen mwens pou nou fè devan moun nou bezwen enflyanse. Chak gwoup ap ekri kèk pwèn kle e se sou yo pou nou pale pandan rankont lan. Apre sa, n ap fè similasyon an devan nou tout lè nou tounen nan gwo wonn. Sonje, moun nan okipe anpil epi li sèlman genyen 3 minit pou tande nou. Si nou pale twò long, li prale kite nou. Sonje tou, nou vle pou moun nan tounen alye nou." Sèl sa nou vle di se:

\* Kiyès nou ye

\* Kisa nou vle

\* Poukisa desizyon sa a enpòtan (pale sou avantaj pa moun k ap tande nou an/yo ak avantaj tout moun, si yo pran desizyon an)

\* Mande yo sa yo panse fè pou pèmèt chanjman an fèt

16) Mete 4 pwèn sa yo devan gwoup yo (sou fliptchat ou te prepare davans la).

17) Esplike: "Premye sa n ap fè anndan gwoup nou an se deside fason pou nou ekri pwèn kle yo. Se pwèn sa yo ki pou raple nou sa nou vle di anndan gwo tèm yo. Pou ou ekri pwèn kle, ou pa bezwen ekri anpil mo—pito w ekri nòt pou tèt ou ki pou raple ou sa ou bezwen di, yon fason pou ou pa kite sijè a. Pa egzanp, nan "Kiyès nou ye ou kapab annik mete:

\* Prezante tèt nou ak wòl nou nan Rezo Kore Tifi

Nan "Kisa nou vle" ou kapab mete

\* Prezante estatistik vyolans sou tifi

\* Esplike fason kominote a ap jwenn avantaj si nou kwape vyolans sou tifi

\* Esplike fason li gen pouvwa pou l ede fè sa, nan kreye règleman

\* Elatriye."

18) Ekri pwèn sila yo si patisipan yo vle wè yon egzanp. Mande si gen kesyon sou ekri pwèn kle.





19) Esplike: "Aprè gwoup ou a fin prepare pwen kle yo, nou pral fè yon similasyon rankont kote ou rankontre moun ou vle enfliyanse a. Se youn nan manm Ekip la ki pral jwe wòl moun y ap eseye enfliyanse a (egzanp Kazèk/Azèk) nan je de wòl n ap fè a—yo oblije al prepare pou pale avè l. Men, pledwaye pa fasil e moun sa a p ap fè l fasil pou nou. Nou genyen 10 minit pou nou prepare. Nou ap sèlman genyen 3-5 minit pou nou fè similasyon an apre. Sa vle di, nou pa ka planifye twòp gwo pwen."

20) Ede gwoup yo ak pwen kle yo si gen bezwen.

21) Apre 10 minit, mande gwoup yo tounen nan gwo wonn.

22) Esplike: "Anvan nou fè similasyon, chak gwoup pral chwazi yon ti moso papye. Yon manm Ekip pral jwe wòl moun ou vle enfliyanse a, men li pral reyaji nan fason ti papye a di pou l reyaji. Anpil fwa pledwaye pa fasil. Sonje, ou vle eseye fè prezantasyon ou an kan menm, epi ou sèlman genyen 3-5 minit avè l pou ou fè sa."

23) Ofri sache a pou chak gwoup kapab chwazi youn nan ti papye yo, fè yo gade li epi li l pou tout moun tande.

24) Envite premye gwoup la vin fè similasyon an, ak pwen kle yo te prepare yo.

NB: Asire manm Ekip la jwe wòl la byen epi swiv papye a, men pa fè l twò difisil pou gwoup la. Asire li jere lè a pou prezantasyon chak gwoup rete ant 3-5 minit sèlman.

25) Apre chak gwoup fin prezante, mande gwo gwoup la bay fidbak sou prezantasyon an.

26) Remèsye tout patisipan yo dèske yo patisipe.

27) Mande: "Èske sa konn rive, pou youn moun ki gen pouvwa reyaji nan fason sa yo—yo twò okipe, oubyen yo pase lòt moun nan betiz, oubyen yo vire sijè a pou yo pa oblije pale sou sa ou vle pale a?"

28) Mande: "Si sa ta rive youn moun ki manke metrize tèt li, ki reyaksyon moun nan ta kapab genyen?"

29) Ekri repons patisipan yo sou fliptchat, epi asire "fè grèv" oswa "pa ale kote moun nan ankò" nan repons yo.


30) Mande: "Menm si nou konprann tandans moun kapab genyen pou yo fristre epi kite sa, si yo fè reyaksyon sa yo, èske sa ede avans fèt sou objektif pledwaye a?" (Non)

31) Mande: "Sa k ap pase si nou deside fè grèv epi annik **pa** pale ak moun nan ankò? Èske moun nan ap souffri pou sa? Èske kominote a oubyen gwoup la ap atenn objektif la?" (Non)

- 32) Mande: *"Ki pi bon reyaksyon ki posib, nan chak ka?"*
- a. *Si yo twò okipe: Pèsiste epi kontinye ensiste sou yon lè pou nou pale avèk yo. Ale souvan nan biwo yo. Vini ak plis moun oubyen moun ki gen enfliyans, elatriye.*
  - b. *Si yo pase w oubyen si yo pase lòt aktivis nan betiz: Pa fache. Jis kontinye pèsiste sou pwèn kle ou yo. Òganize ou byen epi vini ak plis moun ki gen enfliyans, oubyen ak ase moun pou yo ka oblije tande w.*
  - c. *Si yo vire sijè a pou yo pa oblije pale sou sa ou vle pale a: Kenbe pwèn kle yo nan men w, epi kontinye retounen sou yo chak ou ap pale.*
- 33) Mande chak gwoup pran 5 minit pou yo fè yon estrateji sou kisa yo kapab fè apre rankont la pou genyen avansman sou objektif pledwaye a.
- 34) Apre 5 minit, mande chak gwoup prezante estrateji pa li, epi kite lòt gwoup yo reyaji sou estrateji a.
- 35) Remèsye tout patisipan yo, epi fè yon rezime sesyon an konsa:
- a. *"Pledwaye genyen yon wòl enpòtan nan fè chanjman dirab rive fèt nan yon kominote."*
  - b. *"Li enpòtan pou nou byen chwazi objektif pledwaye nou, pou yo reyalis epi pou yo genyen enpòtans pou ase moun retwouve yo ladan yo."*
  - c. *"Kèk fwa, pledwaye pa fasil, men li enpòtan anpil pou nou kontinye kan menm."*
  - d. *"Li enpòtan pou nou konnen kijan pou nou kontinye kominike, mete tèt ansanm, pou asire nou atenn objektif pledwaye nou."*
  - e. *"Si nou aprann kijan pou nou fè bon kominikasyon pou pledwaye, e si nou mete tèt ansanm, nou kapab chanje anpil bagay nan kominote a, nan peyi a, e menm nan mond la!"*
- 

# Nòt

1. U.S. Census Bureau. (2016). International Data Base World Population by Age and Sex. Tire sou: <https://www.census.gov/population/international/data/idb/worldpop.php> nan dat 30 Oktob 2016.
2. UNESCO Institute for Statistics. (2015). A growing number of children and adolescents are out of school as aid fails to meet the mark. Tire sou: <http://www.uis.unesco.org/Education/Documents/fs-31-out-of-school-children-en.pdf> nan dat 30 Oktob 2016.
3. Psacharopoulos, G. et al. Returns to Investment in Education: A further Update. Policy Research Working Paper 2881 (Washington, DC: World Bank 2002) site nan FNUAP ak UNICEF nan United Nations Adolescent Girls Task Force. (2011). Fact Sheet: Girls and young women. Tire sou: <http://social.un.org/youthyear/docs/fact-sheet-girl-youngwomen.pdf> nan dat 30 Oktob 2016.
4. Pou referans estatistik ki pa make yon lòt fason, gade Beyond Borders (2016). *Kòre Tifi*. Faz 1 (Kòmanse), dokiman "Poukisa nou bezwen *Kòre Tifi*? Kesyon moun konn poze souvan," Port au Prince: Beyond Borders, disponib sou [repansepouvwa.org](http://repansepouvwa.org)
5. Michau, L., Siebert, S. & Dessables, J.L. (2014). *SASA*! Yon Gid Aktivis pou Anpeche Vyolans sou Fanm epi VIH/SIDA. Depo Legal 11-02-088. Port-au-Prince, ki se yon adaptasyon: Raising Voices (2008). *SASA*! An Activist Kit for Preventing Violence against Women and HIV. Kampala: Raising Voices.
6. Adapte apati materyèl Raising Voices. (2009). Good School Toolkit, Step 2: Preparing for Change. Kampala: Raising Voices.





Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

**Repanse Pouwva (509) 3617 1815 • [annanpechevolans@gmail.com](mailto:annanpechevolans@gmail.com) • [repansepouwva.org](http://repansepouwva.org) • Beyond Borders • [www.beyondborders.net](http://www.beyondborders.net) •**

*Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouwva ak atis Chevelin Pierre*